

Kesyon Ak Repons Nimewo 1

64-0823M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Ann rete kanpe jis yon moman pandan n ap bese tèt nou pou lapriyè.

Papa Bondye k ap fè Gras, nou remèsye W maten an nan fon kè nou, paske Ou kapab epi Ou vle reponn priyè nou yo. E nou priye pou W resevwa remèsiman nou pou sa W te deja fè pou nou. N ap tann ak anpil lespwa pou W ede nou maten an, e lè nou kite pòt bilding sa yo, se pou nou soti isit la yon lòt moun ke sa nou te ye lè nou antre a. Se pou Sentespri a fòme nou maten an, karaktè nou yo, epi fè nou tounen sijè Wayòm Ou an paske nou mande l nan non Jezi. Amèn. (Nou ka chita.)

2 Mwen jis regrèt poutèt mwen yon ti kras an reta, men mwen te gen anpil bagay pou fè, ak anpil moun malad ak entèvyou anvan prèske mwen antre nan—nan bilding lan.

3 E kifè, nou kontan pou nou isit la maten an e pou nou wè tout bon moun sa yo. Epi mwen vle remèsye sa...moun sa yo ki te voye bèl bagay sa yo pou nou, kado pou madanm lan ak pou... ak frè a—a ki te voye fizi li a pou mwen pou chase sèf. Seyè a beni li. Li se...li di ke li vin granmoun epi li pa ta vle sèvi ak li ankò, epi li te vle m genyen l; kifè, mwen—mwen sètènman rekonesan pou sa... pou sa. Toutotan m ap viv, frè m, toutotan mwen ka ede tèt mwen, m ap genyen l. Mwen p ap janm pran l nan men m san m pa panse a ou epi priye pou ou.

4 Kounye a, nou se...Tèlman anpil bagay ki gen pou fèt jodi a, mwen te panse petèt pandan m te isit la mwen ta gen kèk kesyon epi chèche konnen sa ki te nan kè legliz mwen an, diferan moun. Mwen sètènman te jwenn! Mwen te gen ase kesyon pou okipe m jiskaske Milenyòm

lan kòmanse! Mwen pa t konnen te gen tèlman anpil konsa. Mwen—mwen gen kèk santèn isit la, epi gen yon santèn oswa plis ki vini maten an. Kifè mwen pa t ap janm ka reponn yo, mwen devine, avèk rezon, paske... Epi yo se—yo se bon kesyon, yo reyèlman bon.

5 Bon, yo pa t ka li kèk nan yo an piblik, donk ou konnen, mwen te mande yo... Si se yon bagay mwen pa ka di endirèkteman... Se pwoblèm ki gen rapò ak fanmi epi... Nou konprann. E mwen—mwen te mande pou yo toude mari ak madanm nan yon entèvyou prive, pou mwen ka pale ak yo an prive sou zafè sa yo. Se pa move bagay; se bagay ki ta dwe rezoud nan fanmi an, jis akoz nati imen ak ras ke nou... tan nou viv ak lòt bagay ki pote bagay sa yo, e yo se pwoblèm ki konsène fanmi imen an; epi yo dwe reponn. E kifè, mwen pral fè tout sa mwen kapab pou reponn yo nan pi bon fason.

6 Pafwa lè m ap reponn kesyon yo, sa on jan pran anpil tan; e mwen pa vle rate okenn ladan yo. Mwen pral pran yo chak jis osi byen ke m kapab. Kounye a, yo jis... Mwen jis fè yo mete yo nan yon sak isit la, reponn yo, epi—epi ekri yon pasaj Lekriti si m oblije genyen l, epi—epi remete l la. Alò mwen te pase tout lajounen yè a, ak yon gwo pati nan sware a yè, epi depi yon ti kras apre douvan jou maten an... Apre sa, mwen te resevwa apeprè de fwa plis ke sa maten an. Kidonk, mwen panse ke sa nou pral fè, si Seyè a vle, m ap reponn yo jiskaske, otan ke mwen kapab, jiska midi, answit ranvwaye nou, answit tounen ankò aswè a epi—epi eseye fini otan ke mwen kapab aswè a, epi wè si mwen ka jwenn ...fini yo. E petèt mwen p ap gen pou pini nou si lontan nan yon reyinyon ki byen long. E mwen panse ke sa ta ba nou tan pou nou soti, epi repoze, epi repoze nou yon ti kras, fè yon ti dòmi oswa yon bagay, epi retounen si nou kapab. Si nou pa kapab, ebyen, Frè Fred Sothmann, mwen sipoze, ap anrejistre sa a. Èske y ap anrejistre l? Oke, se byen. Wi, yo nan sal la y ap anrejistre l, e—e bann sa a ka, si tout bagay anfòm, nou ka gen bann lan; yo va kenbe l epi rele l *Kesyon ak Repons*, paske gen kèk kesyon vrèman difisil isit la ak yon bagay ...Anpil nan yo se sou doktrin legliz la.

7 Kounye a, mwen ta renmen pou moun yo konnen ke pafwa lè m ap reponn kesyon sa yo, li difisil. Sa pran anpil gras pou kanpe la, si nou konnen lanmou mwen genyen pou nou. Mwen pa t kapab ekspri li. Mwen pa menm ekspri li bay pitit mwen yo; Mwen pa menm ekspri jan mwen ta dwe pwofon lanmou mwen—mwen genyen pou madanm mwen, paske

mwen—mwen kaprisye, epi mwen jis ap kontinye nan yon liy dwat. Gen yon sèl moun mwen eksprime tout lanmou m pou Li: se Bondye Toupwisan an. E mwen—mwen jis renmen Li anvan tout bagay. Gen lòt moun mwen renmen, men mwen—mwen pa vle jwenn...Mwen pa vle gate lanmou mwen genyen pou Li a; se pou sa pase an premye. Kifè se poutèt sa, lè m reponn kesyon nou yo, mwen reponn li ak renmen nan kè m pou nou; men yon sèl bagay ki devan m tout tan: sa a se Jezikri (ou wè?), nan fason ke Li ta reponn li.

8 Pafwa mwen ta ka oblije reponn... Li ta ka fè mal, li ka grafiyen, epi mwen—mwen pa fè eksprè. Mwen reponn li ak yon sèl objektif, jan mwen te di : Kris la devan mwen. E mwen--mwen oblije sonje ke Se Li ke mwen se ... Mwen oblije rann kont. Kifè, premye lanmou mwen se pou Li; dezyèm lanmou mwen an se pou nou, e konsa mwen...Legliz Li a ke Li te achte ak Pwòp San Li. Epi Li vrèman renmen nou plis pase Li renmen tèt Li, paske Li bay tèt Li pou nou. Nou rachte ak San Li a, epi mwen—mwen okipe l avèk atansyon ak sensèrite jan mwen konnen ki jan. Men alò, lè m ap fè sa pafwa ou panse : "Se te yon remak trè grosye mwen... sou... Li tèlman brital epi dirèk." M ap fè sa avèk Limenm nan lespri mwen (ou wè?) Pou eseye fè, ke rès la...tout moun wè jis ke li dwe konsa. Li pa nenpòt—anyen pou fè mal oswa pa plis pase jis asire w ke moun yo konprann li, e mwen espere tout moun konprann li nan fason sa a. Epi kounyeya, atravè sa nou wè sa ki nan tèt nou.

9 E jan m wè nou tout rasanble maten sa a ak tout bagay, plas la chaje moun toupatou, e mwen panse kote ki pi chaje ak moun yo se nan—nan yon lòt legliz. Yon legliz sè te pran yon—yon radyo oswa yon—yon sòt de koneksyon telefònik. Se...Foul moun yo se nan legliz sa a maten an, dapre sa m konprann. Frè...Oswa yon lòt frè gen yon—yon legliz ki chaje ak moun k ap transmèt bay legliz sa apati isit la. Sa a se pou ke nou pa oblije monte kanpe sou pye youn lòt epi rete kanpe ozalantou miray la.

10 Kounye a aswè a, si Seyè a vle, nou pral gen yon...n ap kòmanse bonè aswè a. Mwen ta renmen mande pastè a ak konsèy la—la si yo ta... Ann kòmanse jis yon ti kras bonè aswè a, paske moun yo, gen kèk nan yo ki isit la, epi yo pral gen pou yo kondui pandan lontan. Apre sa, mwen ta renmen kòmanse omwen yon èdtan pi bonè aswè a, si nou te kapab, epi fini sa. Kifè, nou... Jis osito ke nou fin pran manje midi nou apre sizè oswa nenpòt lè, ebyen, mwen

ta kòmanse. Ou wè? Ann di, anjeneral nou kòmanse nan setè trant pa vre? Ann vin, ann, kite m vin sou estrad la a setè. Ou wè? Alò bò uitè oswa uitè trant, oswa yon bagay konsa, sa t ap ba nou tan pou—pou nou ale lakay nou epi pare nou pou travay nan demen, si gen yon demen.

11 Bon, se pou Seyè a avèk nou epi beni nou anpil anpil, e m ap antre osito sèvis sa a fini, m ap pran lòt kesyon sa yo epi m ap eseye reponn yo. Mwen jis ekri sou yo, jis kèk ti—ti moso nòt ak lòt bagay, pou ke mwen kapab—mwen kapab... On jan ap bliye Ekriti yo. Alò lè m nan biwo a la m ap etidye, alò mwen (mwen renmen fè referans a yomenm yon kote, epi mwen genyen l isit la) epi— m jis ekri li sou yon moso papyè. E se poutèt sa, si se nan yon—nan yon ansiklopedi mwen oblije pran l, oswa kèk ekspresyon nan yon mo, oswa yon non, mwen genyen l ekri devan m. Mwen pa oblije pote yon gwo pakèt liv elatriye; Mwen genyen li la.

12 Kounye a, si kesyon an pa satisfèzan pou nou, ebyen, alò mwen menm, petèt, mwen te fè yon erè. Ou wè? Mwen—mwen—mwen te ka fè yon erè, paske bagay sa yo se jis apati meyè konpreyansyon mwen. Epi mwen vle minis yo—yo ki gendwa genyen kongregasyon yo, oswa kongregasyon yon sèten legliz ki ta koute kesyon sa yo...Mwen pa vle sa...Si se yon refleksyon sou ansèyman w yo ak kongregasyon pa ou—ou—ou, mwen vle kongregasyon an konprann byen klè ke sa a se jis ansèyman nou isit la nan tabènak la. Mwen pa eseye enpoze l sou okenn lòt gwoup moun. E mwen—mwen—mwen vle yon Kreyen nan—nan kè m, pou m anseye sa m kwè. Mwen kanpe sou konviksyon mwen. Si m fè konpwomi sou sa, mwen trayi Kris la epi m se yon ipokrit pou nou; epi mwen—mwen dwe rete fidèl sou sa mwen kwè ki Laverite. Men chak lòt moun gen dwa fè menm jan an. Bondye se Jij nou tout.

13 Kounye a, anvan nou kòmanse, mwen te panse pale de yon bon istoryen, Paul Boyd. Anpil nan nou konnen l; li pèsevere nan tabènak la. Li fèk tounen soti Jerizalèm e li te asiste Ekspozisyon Mondyal la. Li se yon—yon trè bon pwofesè nan zafè pwofesi, epi li se yon istoryen, youn nan pi bon yo. Li se yon frè Menonit, li te menonit, e li te resevwa batèm Sentespri a. E kifè, li vin yon zanmi trè pèsònèl pou mwen. E li toujou veye e li note tout sa m te di konsènan pwofesi, pou l te veye epi wè si sa rive.

14 Epi kounyeya, li ekri m isit la (kòm li isit la Ozetazini ankò kounye a), epi li sou tablo afichaj la, mwen panse, maten an. E li ekri isit la yon nòt ke li te mete nan youn nan jounal yo oswa

yon bagay oubyen yon lòt, sou pwofesi eksepsyonèl. E li mansyone senkyèm bagay la, mwen panse ke se sa, ke mwen te wè transtwa lane de sa konsènan akonplisman, pwogrè nan, pito, nan syans. E nenpòt nan nou ki sonje, nou te note l. Mwen genyen l nan kanè m yo. Epi tout sa Seyè a te di... di m, mwen ekri l, tout sa ki enpòtan pou kon-...oswa bagay ke m ka di moun yo.

15 E mwen te panse maten an, anvan nou te kòmanse sa a... Sa a se pa prèch, men nou isit la pou nou chita ansanm pou youn aprann nan men lòt sa ki nan kè nou. Ann byen analize bagay sa yo kounye a, alòske nou fin pase atravè Laj Legliz yo e latrkiye. Mwen panse ke li bon pou n fè yon kanpe pou yon reyinyon oswa de, epi tcheke, epi chèche konnen ki sa ki nan kè moun yo, epi alò kontinye apati de la. Ou wè? Answit retounen ladann ankò epi... nan yon seri de sèvis. Si Seyè a vle, mwen vle genyen sa isit la nan tabènak la anvan lontan, jis yon seri sèvis ki long; nou konnen sa m vle di, sou—sou tankou diferan sijè; epi jis kontinye konsa jiskaske Li vin chache m oswa m al rankontre L, youn oswa lòt. Ou wè? [Espas vid sou kasèt— Editè a.]

16 Paul Boyd te ekri isit la konsènan sèt bagay mwen te wè an 1933, ki te gen pou rive. E li veye yo jis osi pre, teknikman, jan li kapab, paske li se yon istoryen. E li veye li, jis egzakteman sa ou di. Epi li te wè bagay sa yo ki te di anpil ane de sa: sou ki jan Mussolini sa a... ak sa k t ap vin rive l, ak Hitler, ak sa k t ap vin rive l; ak ki jan Kominis ta pran toulède Fachis ak tout bagay sa yo; e ki jan Liy Siegfried la—la ta dwe konstwi, e ki jan ke Ameriken yo ta pran yon defèt la (epi yo pat janm admèt li jiska apeprè dezan de sa, epi yo te gen foto Alman yo nan syèj la la; e yo te reyèlman pran yon defèt. Yo te renmen... Yo te pèdi tout lame yo prèske la menm); ak tout bagay sa yo ki te fèt.

17 E bon, li te di tou: “Epi sa pral rive, anvan tan lafen an rive, otomobil yo pral pran fòm yon ze, yo pral vin pi plis tankou yon ze.” E mwen te wè yon fanmi Amerikèn k ap kondwi sou yon gran wout nan yon machin ki... Yo te chita youn anfas lòt, epi yo te gen yon tab, e yo te, sanble ke, yo t ap jwe dam oswa kat. Epi yo pa t gen okenn volan nan machin lan. Epi li te kontwole pa kèk pwisans san yon volan. Konbyen ki sonje m te pwofetize sa (ou wè?), pami sa k te la?

18 Kounye a, nan Ekspozisyon Entènasyonal la yo deja gen machin lan sou mache a. Men li...Li pou vann kounye a; yon gwo konpayi te achte anpil nan yo. E machin sa a, men li. Paul Boyd te sonje pwofesi a, li te gade sa m te di a nan kanè li, epi li te pran foto a laba a. Epi men li, egzakteman nan fòm yon ze, ak de chèz plase bò kote sa a, ak de chèz plase bò kote *sila* a, ak yon tab plase nan mitan an pou jwe kat yo ak lòt bagay sou yo, jis egzakteman.

19 Pawòl Seyè a pafètman egzakt. Sa se te an 1933. Sa t ap fè... Ann wè, sa t ap fè konbyen lane? Sa gen tranndezan, pa vre? Nou an 64. Wi, trant... Wi, trant e en lane de sa. Sa gen trant e en lane, Seyè a te di m sa, e men li. E konpayi k isit la deja kòmande yo; epi—epi konpayi ki itilize kamyon ak lòt bagay, y ap fè yo fè kamyon menm jan an. Yo ka kontwole yo drèt nan katye jeneral yo konsa, yo pa menm bezwen gen yon chofè ladan l. E men li, li tou deja fabrike, e men li ak machin yo. Kounye a, li sou tablo afichaj la dèyè a, epi ou ka li pwofesi a epi jis wè ki jan Bondye nou an egzakt, ki jan Pawòl Li a...Li di: "Syèl la ak tè a va pase, men Pawòl Mwen p ap janm fayi."

20 Jis gade, sa gen trant twa lane. Ou konnen kisa yon—kisa yon machin modèl 1931 te sanble, oswa kèlkeswa sa li te ye a; li t ap sanble yon debri. Li di: "Li va sanble jis tankou yon ze, li va vin tankou yon ze." Natirèlman, pa gen pèsonn isit la, mwen devine, ki ap viv jodi a oswa nan mitan nou ki te tandè m di sa. Se...Ou te tandè m di l pandan tout tan, men... Wi, men yon fanm ki chita isit la. Ebyen, madam Wilson, mwen pa t 'wè ou la. Ou sonje lè sa te fèt. Se lè sa a li te geri, li t ap mouri ak tibèkiloz (fanm lan, mari l ak pitit fi li te vin jwenn mwen pou m al priye pou li) jouk li te fè emoraji nan yon pwèn ke kwen an—an te plen ak sak zòrye ak bagay kote li te senyen sou yo. E doktè a te di: "Pa gen yon fason pou fè l viv," e menm...Li t ap eseye di m yon bagay anvan l mouri, epi san an t ap koule sou kouvèti yo ak dra yo lè li te la, lè li te la, li t ap eseye touse. E m te fè l soti nan kabann sa a, epi m te mennen l nan yon rivyè frèt isit la, e nan yon dlo glase, epi m te batize l nan Non Jezikri. Epi sa fè trant twa lane de sa, e li chita isit la jodi a, toujou ap viv, alòske gen anpil gran timoun, an sante, anpil nan yo mouri. Men ni. "Gras etonan, ala son an dous, ki sove yon mizerab tankou m!" Sa jis montre ki jan sa akonpli pafètman, lè se MEN SA SEYÈ A DI.

21 [Yon sè pale ak Frè Branham—Editè a.] Wi, se—se kòrèk, Sè. Wi mesye! Fanm yo...Mwen te di medam yo t ap vin tèlman imoral nan la-...Koulye a, ou konnen sa gen trant lane de sa ki jan yo abiye. M te di yo vin tèlman imoral, jiskaske yo mache nan lari a ak jis tankou souvètman sou yo. Epi mwen di: "Alò li pral rive, ke yo p ap menm wont, jouk yo pral mete yon bagay ki sanble ak yon fèy fig." Mwen te wè li, epi yo genyen l; epi yo mete l. Jis imoralite fanm yo ta vin tèlman ba epi degrade! Nou pa ka ale pi ba kounye a; ou pa ka ale pi mal. Li nan fen an! Ou wè, yo p ap janm konplètman toutouni. Non, yo...

22 Mwen te preche moun, fanm pa dizèn de milye ki pa gen yon sèl rad sou yo (ou wè?), jèn gason, ak jènfi, ak tout bagay, men yo pa konnen yo toutouni. Ou wè? Yo pa konnen sa. Ak fason fanm yo aji jodi a...

23 M t ap pale lòt swa a ak kèk zanmi m kote nou te byen lwen nan mòn yo, epi yon—yon jèn fanm...Mwen te jis priye pou pitit li a; li te gen epilepsi; epi ti bebe a byen. E yon ti fanmi pòv, ki abite anwo yon vale, gen yon ti plantasyon tabak alantou kay la, ki gen apeprè de chanm ladann, ak sèt oswa uit timoun ... Fanm sa a ap travay (o, la la!), jis ak yon gwo rach. Laba a, ap koupe bwa ak bagay sa yo, epi—epi li sakle jaden li, epi li fè konsèrv met nan bwat. Apre sa, mwen te gade fanm pòv la, menm rad la li te mete depi yon lane oswa de, epi tou dechire ak tout bagay... Epi mwen t ap eseye jwenn kèk nan rad Meda yo pou m te pote pou li semèn pwochè.

24 Epi—epi nou te remake pandan nou te kanpe la, kèk frè avè m, ke dam sa t ap bay tibebe l tete. Li jis retire tete l nan—nan—nan rad li epi li kòmanse bay tibebe a tete; epi sa te on jan etonan pandan yon minit; se konsa manman m te konn ban m tete! Se egzakteman sa.

25 Mwen gen plis onè pou yon fanm konsa pase kèk nan medam sa yo ki mete yon ti senti anba yo pou mete kò yo deyò. Yo pa menm sanble ak yon èt imen. Yo gen yon objektif antan y ap fè sa; sa se seksyèl, se enpi. Yon fanm mete anpil rad epi eseye fè tèt li sanble ak yon bagay li pa ye...Mwen...Franchman, fanm yo pa—pa konsa an reyalyte; se kèk kalite bagay ki sot nan Hollywood. E lespri dyab la vin sou fanm yo pou fè yo eseye atire atansyon lòt atravè sèks. Yo te bay yon fanm tete pou tibebe a tete. Se egzakteman sa. Fanm lan aji tankou yon fanm primitif la a, men li aji byen. Mwen gen plis respè pou sa, pou fanm sa a konsa, paske

li... Se konsa manman I te elve I; se fason sa a...Yo—yo—pa janm bay okenn atansyon a sa. Ti bebe a tete tankou foto nou wè sou Lamadòn lan. E si moun yo te sèlman gen yon lide konsa, li ta diferan.

26 Men lè w vini pou w ale deyò epi w petèt mete yon kòsaj oswa yon lòt bagay, epi answit pou w mete pwòp kò w deyò ak bann sa yo ak bagay sa yo, sa fè w parèt enpi epi sa lakòz gason... Èske w reyalize se yon lespri demon ki sou ou? Kidonk ou pa vle fè sa, sè. Piga w fè sa; sa se makiyaj Hollywood la ak yon pèlen dyab la! Lè ou fè sa, ou fè gason panse move bagay sou ou; e lè ou fè sa, lè sa a ou koupab pou fè adiltè ak nonm sa a, paske ou te prezante tèt ou konsa devan I. Ou pa ka anpeche sa fason ou te bati a, men jis ale epi rete jan Bondye te fè w la. Ou wè? Pa eseye fè tèt ou yon bagay ke ou pa ye. Jis rete yon èt imen. Sa terib, pa vre? Ebyen petèt sa reponn kesyon yon lòt moun tou.

27 Papa nou, nou di W mèsè jodi a pou Jezikri ak pou Pawòl la ki dwat. Kòm mwen wè Ou tèmman pafètman fè Pawòl yo akonpli, sa fè m pi detèmine pou rete ak Verite a ak chak pawòl Verite a. Kifè mwen priye, Papa, pou W beni nou maten an, bèl moun de byen sa yo. E mwen konnen ke bann sa a prale nan anpil kote ki pral tande menm remak sa a ki te fèk fèt kounye a ... mwen pa t... li pa t premedite; Ou konnen kè m. Li jis vin nan tèt mwen, e mwen kwè Ou te vle m di li. E mwen te di li, epi li fini kounye a. E—e se egzakteman konviksyon mwen ak sa mwen kwè ke Ou ta vle pou m di.

28 Se pou chak fanm ki tande sa nan tout peyi yo, nan tout nasyon an ak nan mond lan; Se pou I wont tèt li, pou I wè sa k pase a, epi pou I abiye I tankou yon dam lè sa a, pou li pa koupab dadiltè. Yon bèl, bèl kreyati jan Ou te bay lòm li a, yon pati nan yon nonm, pou yo konsa pou—pou—pou attire atansyon li tounen sou li, pou ke yo de ta ka vin youn, paske li te soti nan nonm lan. Mwen priye, Bondye, pou ke fanm lan reyalize ke bote li ak sa li ye a, se sèlman pou pwòp mari I. Akòde I, Papa.

29 Nou mande W pou W ede nou kounye a pandan n ap eseye eksplike kesyon sa yo. Nou pa sifi pou fè bagay sa yo, men kite gran Lespri Ou a vini, Seyè, ki sifizan pou nou; epi ke Li reponn kesyon an nan anpil kè. Nou remèsye Ou pou sa Ou ban nou: *Laj Legliz yo*, ak *So*

yo, ak...O, jan Ou te aji ak nou nan gwo bagay pwisan ki gran pou nou, Seyè, paske nou wè tan lafen an toupre.

30 Kounye a, pou...M te panse li t ap favorab oswa li t ap favorab pou Wayòm Ou an si m ta tcheke ki kote moun yo ye. Anpil fwa anba disènman an epi lè m wè anpil bagay diferan, epi ou pa ka konsantre sou youn nan yo; kifè panse—mwen jis kite yo ekri sa yo te panse sou kè yo. Epi mwen te kapab ekspri panse yo nan yon moso papye ke yo te ekri sou li, epi answit Ou ban nou bon repons lan. Nou tout ap tann, Seyè. Vini nan prezans nou, Seyè, epi mache monte desann nan koulwa yo, epi trete ak chak moun dapre volonte Ou. Nou mande nan non Jezi. Amèn.

[Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Terry, mwen... èske mwen te... Eske sa toujou ap antre, la sou frè-... Mwen manyen... Èske sa fèmen sa, oswa nenpòt bagay? Li pa deranje. Mwen manyen l ak men m. Mwen pa t konnen.

31 Kounye a, jan m di ankò kounye a, pandan n ap kòmanse, pou minis yo oswa moun sa yo ki nan diferan pati nan peyi a, oswa ki pral tande bann lan, ou se—ou se...Si bann lan kòrèk: sa a se kesyon sou kè pèp la ki fè pati isit nan tabènak sa a, kote nou pa gen okenn denominasyon, jis fratènite youn ak lòt. E mwen gen konfyans ke li pral yon ... klere panse nou, ke nou pral konnen ki sa yo dwe fè ak konnen ki jan yo viv pi byen apre kesyon nou an reponn. Mwen konnen, jis li yo, se te yon benediksyon pou mwen.

32 Kounye a, mwen fèk mete yo nan yon pil, epi m ap siveye lè a epi nan anviwon midi mwen senk, m ap ranvwaye nou. E answit, tounen apremidi a a sizè trant.

Premye kesyon mwen genyen, mwen kwè se senk kesyon youn apre lòt, ke yo ekri alamachin sou yon moso papye jòn.

236. Kisa sa vle di? Matye 24:19: "Malè pou fanm yo ki va ansent, ak pou sila yo k ap bay tete nan jou sa yo!"

Etranjman, mwen pa konnen ke mwen te pral di sa a sou fanm sa, epi vwala ke nan tan sa a, se premye kesyon an.

33 Kounye a, Matye 24:19. Yo te poze Jezi twa kesyon. Nan kesyon sa yo te genyen sa: Kilè lè sa pral rive kote p ap rete yon wòch sou yon lòt? epi, kisa ki pral siy lan konsènan vini lafendimonn lan? e—e twa kesyon diferan yo te—yo te poze Li. E Li reponn li nan twa fason diferan, Li reponn chak kesyon. Kilè sa pral rive lè p ap gen yon wòch sou lòt? Epi kisa ki pral siy vini W lan? E kisa ki siy lafendimonn lan? Epi li reponn li nan twa fason diferan. Li di yo kilè lè a pral vini kote p ap gen yon wòch sou lòt; kisa ki pral siy vini Li an; epi lèfini, lafendimonn lan. Epi anpil fwa, si w pa gade byen, kounye a, ki jan Li reponn (ou wè?), w ap melanje l epi fè tout rive yon sèl fwa; e apre sa ou tout mele.

34 Kounye a, se pa pou manke dega anvè frè Advantis nou—nou yo ki pran sa literalman epi plase nan lavni. Pou nou panche sou sijè setyèm jou a, kote li di: "Lapriyè tou pou lè n ap chape poul nou an pa rive nan sezon fredyè a oswa nan jou Saba a," (ou wè?), yo ta toujou obsève Saba a. Se pa pou voye dlo pou mouye frè sa yo, sa pa t ap kretyen pou fè sa, men jis nan objektif pou redrese sa. Ou wè?

35 Ki jan tout monn kretyen an ta ka rasanble anndan yon miray, e miray yo pa ouvri ak fèmèn tankou epòk sa. Ou wè? Ki diferans sa t ap fè, ke si li te sezon fredyè a oswa lete a moun ki te viv nan yon zòn twopik. Ou wè? Se te sèlman pou Izrayèl. Sa se nan tan ke p ap rete yon wòch sou yon lòt. "Malè pou fanm ki va ansent yo, ak sila yo ki va bay tete nan jou sa yo," paske yon manman ki ansent (ou wè?), li t ap difisil pou li kouri, e pou sila yo k ap bay tete yo, pou yo pote ti bebe yo, paske yo te oblije soti Jerizalèm nan vil la pou y al...nan mòn Jide yo.

36 Epi kounyeya, mwen te kapab jis rete tout maten an sou yon sèl bagay la, jis pou m fè sa klè; men mwen jis pral eseye frape pwen ki enpòtan ke mwen kapab, jiskaske li vin klè pou moun yo, epi ansuit pase nan pwochen kesyon an.

37 Kounye a, Jezi te di yo ke yo ta... "Lè nou wè Jerizalèm antoure ak lame, alò se pou moun ki nan chan, pa tounen nan vil la pou pran manto l, pran anyen nan kay li; pa tounen nan lavil la ditou, men kouri al nan Jide, paske pral gen yon tan nan twoub ki pa janm rive depi lè lemonn te kòmanse." E tout sa te rive nan epòk kote jeneral Women an, Titis, te sènen Jerizalèm, te boule vil la, epi te gen sèlman...e li te touye moun yo la jiskaske san te koule soti nan pòtay yo e li te woule nan...soti nan lari yo. Li te sènen li. Mwen pa konnen jis konbyen

ane sa te genyen, ke li te jis pran lame li yo epi li te vin jis moute kan li alantou vil la. E menm moun yo, medam yo, te bouyi pwòp pitit yo epi yo manje yo, yo manje ekòs pye bwa yo, zèb yo sou tè a. Sa se te poutèt yo te rejte Pawòl la. Se sa ki lakòz li. Epi lèfini...

38 Kounyeya, moun ki te resevwa Pawòl la, tankou Jozèf, gwo istoryen an te ekri...Li te rele yo kanibal, li te di yo t ap manje yon kò yon nonm yo te rele Jezi, moun Nazarèt, ke Pilat te klouwe sou kwa a; Epi yo vini nan mitan lannwit, yo vòlè kò Li, epi moun sa yo pran li, yo koupe l an miyèt moso epi manje l. (Yo t ap pran kominyon, ou wè. Yo pa t konnen.) Sa te jis yon istwa ke yo te rakonte, tankou yo gen jodi a sou nou ak rès lòt kretyen yo. Ou wè? Yo di bagay sa yo, men...

39 Kounye a, moun sa yo ki te... Rezon ki fè yo, "Lapriyè pou lè n ap chape poul nou pa nan sezon fredri a," Jide te gen nèj. Ou wè, Nwèl? Kounye a, ki jan Jezi te fèt la lè sa a nan mòn yo ki te gen nèj? "Lapriyè pou lè n ap chape poul nou pa fèt nan sezon fredri a, ni nan jou Saba a," ou wè, paske jou Saba a pòtay yo te fèmen, epi yo ta dwe pran nan pèlen yo. Si Titis te rive la yon—yon—yon vandredi apremidi, yo te sènen yo la pou jou Saba a, paske pòt yo te fèmen. Pòtay yo te fèmen jou Saba a e yo pa t louvri. Jou Saba a, pa t gen okenn ale vini nan lavil la.

40 Epi kounyeya, nou wè sa k te pase? Alò Li te di: "Malè pou fanm ki va ki ansent yo, ak sila yo ki va bay tete nan jou sa yo," (ou wè?) paske yo te kouri sou kouri... E dapre listwa a, tout sa yo ki te kwè nan Jezi. epi ki te kwè Pawòl la t ap veye pou sa rive. Epi yo te sove, yo pati kite Jerizalèm nan Jide, epi—epi yo kouri pou sove lavi yo, epi pat gen youn nan yo ... paske Bèje yo te avèti yo e yo t ap veye pou lè sa a rive. Lè yo te tandè Titis ki t ap vini, yo te pran kouri pou sove lavi yo, epi yo te soti nan vil la.

Kounye a, pwochen kesyon an swiv.

237. Matye 24:24: "Epi va gen fo pwofèt, fo kris, ak fo pwofèt, e y ap fè gwo mirak ak bèl mèvèy." Ki jan nou pral rekonèt yo?

41 "Va gen..." Kounye a, w ap desann nan yon lòt laj. Ou wè? "...gen fo Kris ak fo pwofèt." Yon fo Kris se yon fo wen, paske Kris se Wen an. Konbyen moun ki konnen *Kris* la vle di:

“Wen an ”? Pral gen fo wen, epi yo pral rele tèt yo pwofèt. Men ki jan nou pral rekonèt yo? Pa Pawòl la; se konsa nou va konnen li, pa Pawòl la, si yo gen rezon. Ki jan nou pral rekonèt yo? Se pa Pawòl la. Si yo...Si yo di ke yo gen Pawòl la, epi lèfini yo nye Pawòl la, alò pa gen okenn verite nan sa, kèlkeswa sa yo fè. Yo ta ka geri malad yo; yo ta ka louvri je avèg yo; epi nye Pawòl la, rete lwen li. M pa bezwen konnen sa li ye, rete ak Pawòl sa kanmenm (ou wè?), paske anpil fwa mwen wè vodou ak tout kalite bagay ki fèt sou—sou kouvèti gerizon.

42 Men Frè Sidney Jackson ki chita isit la, Sè Jackson maten an ki soti Lafrikdisid. Li te kapab kanpe isit la epi pran sijè sa a epi reyèlman di w kèk bagay sou sa laba a. Franchman se sèten, gen moun ki vin bò kot zidòl yo epi yo geri. Ou wè, paske poukisa?

43 Menm jan Doktè Hegre te reprann mwen trè di lè sa a, lè m te di dyab la pa ka geri. Epi li te di: "Yon moun ki kanpe devan anpil moun tankou w, ak yon pòv teyoloji konsa," li te di, "ki di ke dyab la pa ka geri." Li di: "Nou gen yon fanm nan katye nou an ki pote yon tabliye bò kote l, epi li ale la; e moun yo la vin bò kote l, epi li sipoze depoze lajan nan tabliye sa a; alò li fwote yo, li wete cheve nan tèt li ak san nan venn yo epi—epi li mete l sou yon cheve epi li voye l dèyè l; epi si li oblije gade dèyè, maladi a tounen sou moun yo. Epi," li te di, "trant pousan nan yo geri. Epi alò ou di dyab la pa ka geri?"

44 Epi mwen te panse: "O la la!" Mwen te ekri l, epi mwen te di: "Chè mesye:" Mwen te di: "Se yon bagay etranj pou mwen ke yon dwayen nan yon kolèj Literyen ta baze teyoloji li sou yon eksperyans olye de Pawòl Bondye a." Ou wè? "Pawòl Bondye a di Satan pa ka chase Satan. Se regle; Jezi te di sa." Si Satan...Di, "Alò ou ta ka mande ki jan moun sa yo fè geri gras a sa, sòsyè sa a, se paske moun yo menm panse y ap pwoche bò kote Bondye atravè sòsyè sa a. Epi gerizon baze sou lafwa, pa sou jan ou jis, ki jan ou bon, konbyen ou respekte kòmandman yo, oswa kèlkeswa sa li ye a, li baze solanèlman sou lafwa. 'Tout bagay posib pou sila yo ki kwè!' Ou wè? Li pa baze sou ki jan ou bon. Mwen te wè jennès vin sou platfòm lan epi yo geri imedyatman epi yon fanm sen travèse platfòm lan epi li rate li. Se sèten, li baze sou lafwa, 'Si ou ka kwè', pa sou lajistis."

45 Gade isit la an Frans kote yo ale nan tanp fanm sa a, antre laba nan chèz woulant epi soti ap mache, baze sou anyen apa yon sipèstisyon, si nepòt bagay, espirityalis, pou adore yon

moun ki mouri. Ou wè? Men, yo geri, paske yo panse ke yo ap pwoche bò kote Bondye. Kounye a, pa pou degrade moun Katolik yo, mwen ap degrade sistèm Katolik la, menm jan mwen fè pou sistèm Pwotestan (ou wè?), tout bagay sa yo.

46 Kounye a, minis yo, mwen konnen sa a pral dechire, men mwen m ap reponn kesyon yo; e mwen vle—mwen vle ou konprann sa (ou wè?) Mwen jis—jis di nou Verite a soti nan kè mwen; Kris a temwen nan meyè fason mwen konnen. Ou wè? Se tout sistèm yo, ak sistèm sa yo ki blese moun tankou...Moun rantre nan Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis, Katolik; epi

yo panse yo ap pwoche bò kote Bondye lè yo jis ale

atravè yon sistèm. Bondye onore li pafwa epi li geri maladi yo gras ak zidòl. Oke, dirèk pami Otentòt an Afrik yo jwenn gerizon ak zidòl epi elatriye (ou wè?), men yo panse yo ap pwoche bò kote Bondye.

47 Ou panse yon mè katolik ale epi rantre kouvan katolik paske li vle yon move fi? Li rantre nan kouvan paske li vle yon bon fi. Yon nonm pa ale rantre nan legliz katolik jis pou vin yon move gason; li ale laba pou l vin yon bon gason. Ou pa... Di, "Oke, ki sa li ye?" Sa yo non pli... ni Endyen nan peyi Zend yo, oswa Endou a rantre nan Endouyis pou vin yon move moun.

48 Lè m te antre nan tanp Jayen yo, kote prèt sa te entèvyouve mwen, tankou yon Pap ki chita sou yon gwo zòrye, pye li pliye anba l, kenbe zòtèy li, ak vizyon egize opwen li te ekri yon konparezon de ekriti nan 23yèm Sòm la ak je l sèlman sou yon moso asye ki te mwens pase ...pa pi plis pase yon ka nan yon pous. Bon, deja li depase nenpòt rezònman imen pou ekri li, epi li grave l laba ak je natirèl li; e li te yon nonm ki te gen karantan oswa plis. Ou wè?

49 Poukisa sètènman, ou-ou jis rete isit la, jis tande pale sou Metodis, Batis, Presbiteryen; ou ta dwe soti epi antre nan chan misyon yo yon sèl fwa. Jwenn bagay ki pou louvri je ou! Ou wè?

50 Kounye a, ou panse ke tout sè yo ki chita la; yo pa pral menm—yo pa pral kwit manje; yo p ap manje; yo oblije ap sipliye pou tout sa yo genyen. Yo pa pral.—yo fè ti bale ak men yo pou bale founi yo ak bagay nan lari a, paske yo kwè nan reyenkanasyon; yo ta ka mache sou

yon pwòch. Yo p ap mache sou founi, touye mouch, oswa anyen; yo pa p menm esterilize kouto a pou opere sou yon dwèt. Kite yon nonm mouri, paske yo touye yon jèm; li ta ka yon... kèk nan relasyon yo ki retounen. Ou wè? Ou kontinye ap vin pi bon, epi pi bon, epi pi bon ; finalman, ou vin yon moun, yon pi bon èt imen, epi kontinye konsa, jiskaske ou vin yon dye. Jis ale, epi ale, epi ale, fè wotasyon, vin pi bon epi pi bon.

51 Bon, yo pa fè sa pou yo vin move moun. Yo fè sa ak senserite, men ou wè, "Gen yon fason ki sanble dwat pou a nonm." Gen yon sèl bagay, moun, mwen konnen pou m di nou kòm yon—kòm yon klas maten an sou kesyon sa yo, se Pawòl la, Pawòl Bondye a. Lè sa a, ou kwè ke Jezikri se Pawòl sa a, epi Pawòl sa devni lachè kounye a nan mitan nou, li akonpli egzaktman sa li te di Li ta fè nan laj sa a. Dirèkteman.

Kounye a, se konsa ou pral konnen yo, pa nan legliz yo, pa nan kredo yo, pa nan siy yo, pa nan denominasyon yo, pa okenn gerizon, pa nan anyen, men pa Pawòl la. Ou wè?

238. Matye 24:26 (pwochen) pale de yon "sèten chanm" ak "nan kote dezètik yo."

Ki sa sa a vle di?

52 Sa vle di pral gen antikris, anti-wen, elatriye. E kisa ki anti-? Anti- se "kont." Se pral sa menm kreyati yo kont Pawòl la. "Epi yo pral nan dezè a ak nan chanm sekre yo." Alò, Li di: "Pa kouri dèyè li. Rete lwen li." Ou wè?

Kounye a, katriyèm kesyon an:

239. Matye 24:28: (Moun nan ap desann tou dwat. Yo

pa janm siyen li; wi yo te fè. Eskize m. Mwen pa pral site non sa yo, paske li pa nesesè. Ou wè?) **Matye 24:28: "Paske nenpòt kote kadav la ye, se la ke ègl yo pral rasanble ansanm." Kiyès ki kadav la e kiyès ki ègl yo?**

53 Kounye a, sa se yon bon kesyon, pa gen anyen ki mal nan sa! Kisa kadav la ye? Kadav la se sa ègl yo manje. Kounye a, yon pwofèt konsidere nan Bib la kòm yon ègl. Yon pwofèt se yon ègl. Bondye—Bondye rele tèt li yon ègl, epi nou se "ti eglon" alò, yon- kwayan yo. Ou wè?E kisa kadav ke yo manje a ye? Se Pawòl la. Kèlkeswa kote Pawòl la ye, vrè nati zwazo

a pral montre tèt li. Ou wè? Yon ègl, ki vle vyann fre, li dwe genyen vyann fre li. Li pa yon-pa yon buz (ou wè?), li se yon ègl. Ou pa ka bay li okenn bagay denominasyon; li dwe genyen manje ègl; se vyann ki pi fre a, se pa sa Moyiz te fè, pa sa yon lòt moun te fè, pa sa Sankey, Finney, Knox, Calvin, men kounye a, Vyann ki te touye pou jou sa a. Epi se pati Kris la ki te mouri pou te konfime Pawòl sa a. Se sou sa yo manje. Ou konprann? Ou wè, ou wè?

54 Se pa sa Noe te fè, sa Moyiz te fè, yo se egzanp;

nou wè epi li sa yo te fè, men se sa li te pwomèt pou l fè

kounye a. Li te Pawòl nan tan sa; se te kadav la pou jou sa. Jou Wesley te yon kadav pou jou sa a; jou Luther te yon kadav pou jou sa a; men yo pa tounen ladan l. Se deja kontamine. Ou dwe boule sa ki rete yo, lè w ap pran kominyon a; pa kite l pou pwochèn jenerasyon an. Bib la di lè w ap pran kominyon an, rès sa ki rete a, pa menm kite l rete jouk denmen maten; boule l. Se konsa, refere tounen pou sa? Non, mesye! Nou jwenn manje fre jodi a; se Pawòl sa a yo te pwomèt jiska lè sa a, dwe parèt klè nan lè sa a. Se la ègls yo ye, kote kadav la ye a. Nou ka rete anpil tan sou sa, men mwen sèten ou konprann sa mwen vle di.

Oke, senkyèm kesyon:

240. Èske Lepouz la pral rasanble ansanm nan yon sèl andwa lè Anlèvman an, epi èske se pral nan Lwès la?

55 Non, li pa oblije laba a. Wi, Lepouz la pral rasanble ansanm nan yon sèl kote. Sa se vre, men se pa jiskaske rezirèksyon a. Ou wè? “Paske nou menm ki vivan epi ki rete pou vini Seyè a...” Efezyen, oswa, Dezyèm Tesalonisyen nan 5yèm chapit, mwen kwè li ye. “Nou menm ki vivan e ki rete pou vini Senyè a p ap anpeche (oswa antrave) moun ki ap dòmi yo (inivèsèlman); paske twonpèt Bondye a pral sonnen, epi mò nan Kris yo pral leve, epi nou pral leve ansanm avèk yo pou rankontre Senyè a nan lèzè.” Se poutèt sa, Lepouz la tout ansanm pral reyini lè Li pral rankontre Senyè a. Ou wè? Li pral ansanm, men li pa nesèsèman vle di ke nou... yo tout dwe rete nan yon sèl kote konsa; paske Lepouz la ap dòmi nan pousyè tè a atravè mond lan, soti nan Aktik rive nan twopik yo, epi soti nan—soti nan lès rive nan lwès, soti nan nò rive nan sid.

56 Jezi te di: "Lè Pitit lòm nan va parèt," poukisa li te di:

"li va tankou limyè a ki klere soti nan lès jouk nan lwès la." Tout bagay la, pral gen yon rezirèksyon, yon Anlèvman, e answit Li prale. Epi anvan Li janm monte al rankontre Li...

57 Gade sajès Seyè a. Kounye a, ann di, pou egzanp, m ap di sa a atravè panse lagras ak lafwa nan Pawòl la, ke mwen di "nou." Mwen mete tèt mwen avèk ou

tout ak mwen—ak tout kò Kris la, inivèsèlman. mwen-mwen kwè sa. Lè m 'di "nou" lè sa a, mwen vle di, pa gras mwen—mwen kwè li. Grasa lafwa mwen kwè nan favè Li, ke nou pral pami moun sa yo moun ki pral anlve.

58 Kounye a, premye bagay ki rive lè nou resisite... Moun ki vivan yo pral jis toujou rete... Rezirèksyon an pral plas an premye, rezirèksyon moun ki nan dòmi yo. Pral gen yon tan revèy, e moun ki ap dòmi nan pousyè tè a kounye a, pa moun ki ap dòmi nan peche, paske y ap kontinye dòmi nèt ale. Yo pa p reveye pou yon lòt mil ane. Men, moun ki... ap dòmi nan pousyè tè a pral reveye an premye, epi yo pral... kò koripsyon sa yo pral revèti enkoripsyon nan gras Seyè a k ap anlve nou. Apre sa, nou pral tout ansanm. E lè yo kòmanse reyini ansanm, Lè sa a, nou menm ki vivan epi ki rete yo pral chanje. Kò mòtèl sa yo p ap wè lanmò, men jis nan yon klendèy, pral gen tankou yon baleyaj sou nou, epi w ap

chanje. Ou chanje menm jan ak Abraram , soti de yon vye granmoun tounen yon jenn gason, soti nan yon fi aje rive nan yon jèn fi. kisa chanjman toudenkou sa a? Epi apre pandan w ap vwayaje tankou yon panse, epi ou ka wè lè sa a moun ki te deja resisite yo.O, ala yon lè! Answit, nou pral rasanble ak yo epi answit pral moute avèk yo pou rankontre Seyè a nan lèzè.

59 Li pa nesèsè, si tonton ou antere nan sid Kentucky, si yo dwe mennen l nan Indiana, oswa antere l nan Indiana dwe mennen nan sid Kentucky. Kèlkeswa kote li ye...Sa yo ki mouri nan lanmè a pral leve soti nan lanmè a. Moun sa yo ki te detwi nan arena epi manje pa lyon yo, moun ke yo te jete nan gwo founo dife yo epi pa menm zo yo pral rete oubyen pousyè tè a, y ap pral leve! Kit yo te nan lavil Wòm, oswa arena nan lavil Wòm, oswa si yo te nan forè twopik yo nan Sid la, oswa nan rejyon jele yo nan Nò a, yo pral leve soti nan lanmò epi yo pral chanje epi yo pral avanse; epi vivan yo pral chanje nan yon enstan, yon bat je yo epi yo pral anlve

ansanm.

60 Gade misyonè yo kimouri laba a nan kontre Lafrik yo. Gade yo ki te mouri laba a nan—nan—nan rejyon jele nan Nò a. Gade moun ki te mouri nan arena yo,

nan tout mond lan, o Kongo, e atravè tout mond lan. Yo te mouri toupatou, Lachin, Japon, atravè mond lan; epi vini Seyè a pral inivèsèl, Anlèvmann sa pral konsa.

61 Obsève chanjman an. "Pral gen de nan kabann nan; Mwen pral pran youn epi kite youn," nan menm moman an, "Pral gen de nan chan an; Mwen pral pran youn epi kite youn, "youn nan bò kote tè a fè nwa epi youn sou bò kote tè a klere. Ou wè? Li pral yon Anlèvmann inivèsèl. Wi, Legliz la pral tout ansanm, men apre, apre rezirèksyon an epi Anlèvmann an pran plas.

62 Kounye a, si se pa fason w wè sa, poukisa, se byen kounye a. Mwen pa egzakteman ap pale lè mwen di sa; n ap anrejistre sa. Ou wè? E kapab gen lòt minis ki pa dakò avèk sa. Se trè byen.

241. Chè Frè Branham, kesyon mwen an se sou batèm. Kilè se yon moun sove? Mwen tande se lè yon moun kwè. Gen moun ki di se lè w resevwa Sentespri a ou sove, menmsi ou pa t batize nan dlo, tankou nan ka Kònèy nan Akt 10:47. Gen moun ki di Pòl te sove sou wout Damas, men nan Akt 22:16, di ke li te toujou gen peche li yo twa jou apre. Èske yon moun ka batize pa Sentespri a menm jan Kònèy te ye, epi toujou gen peche l, depi li pa t gen batèm dlo, sou, oubyen pasaj yon moun nan syèl pa fèt tan ke li pa fè batèm dlo, menmsi li gen Sentespri a?

63 Kounye a, zanmi presye mwen an... Kounye a, frè sa a siyen non l; Mwen pa konnen l, men li siyen non l. Men mwen—mwen p ap rele non yo, paske li pa nesesè; sinon lòt moun pral vin jwenn yo epi di, "Oke, mwen—mwen pa dakò avèk ou sou sa epi sa." Ou wè? Apre sa, mwen jis pa pral rele okenn non. Pifò nan sa yo gen sinyati, men mwen... jis pou mwen. Ou wè? Mwen mete yo isit la ankò, pou mwen ka kenbe yo. Se konsa, li jis yon ekriti ble; kèk ladan yo tape nan diferan fason.

64 Kounye a, premyè kesyon an se te: “Kilè w sove?” Apre sa, apre sa a—swiv sa a, “Èske gen remisyon peche an deyò batèm dlo, paske Kònèy te resevwa Sentespri a, li menm ak kay li, men li pa t ko batize nan dlo.” Epi Pòl pa t—apre li te rankontre eksperyans li nan...sou wout Damas la, li menm tou, te toujou gen peche l yo sou li jiskaske li te batize; paske li te di (mwen te li tout Ekriti sa yo ankò pou asire m)...Epi se konsa sa te ye...Li te di, “Leve epi ale touswit epi batize, rele non Seyè a, batize, pou peche w yo padone (remisyon), epi—epi ale fè apèl nan Non Seyè a.”

65 Epi apre sa, “Èske batèm Sentespri a... moun ka

batize avèk Li epi yo toujou gen peche yo san ke yo—san yo pa batize nan dlo.”

66 “Èske pasaj yon moun nan syèl la asire lè l batize,

menmsi yo gen Sentespri a; poutan yo dwe batize

nan dlo, anvan yo te asire pasaj yo nan syèl la?” Kounye a, mwen kwè...Kounye a, mwen pa—mwen pa konnen frè sa a, e sa se yon trè bòn ak yon kesyon entèlijan. Epi li ta dwe trete an longè, paske li enpòtan pou nou konnen bagay sa yo. Ou wè?

67 Bon, mwen yon ti jan kwè frè a ka di m oswa fè m di li (oswa petèt li kwè nan sa, mwen pa konnen) epi... de yon bagay ke mwen panse ki jis yon—yon ti jan kontrè alafwa reyèl, vrè nan Pawòl la. Mwen...Sa a sonnen tankou sa a frè ap di...Kounye a, se kòrèk, Frè; ou kapab chita isit la; e se byen. Mwen—mwen panse ke se yon bon ... mwen vrèman kontan ou mete l isit la. Alò, ou wè? Men mwen pa kwè nan batize nan dlo pou rejenerasyon (ou wè?), paske lè w fè sa, ou siprime San an. Ou wè? Ou batize nan dlo pou montre rejenerasyon a te fèt. Ou wè? Sa se jis yon eskteryè... yon senbòl rejenerasyon. Tout bagay la repoze solanèlman sou predestinasyon. Ou wè? Men, nou pa konnen ki moun ki ye ak ki moun ki pa ye; se poutèt sa, nou preche Levanjil la. Grasa lafwa nou jis ale preche.

68 Men, sou rejenerasyon kounye a, se kote mwen diferan ak Frè initè yo. Epi nou menm frè Inite yo ki tande band kesyon sa yo, si li ta tonbe nan biwo ou, oswa lakay ou, oswa nan mitan nou ki se Inite, pa mal konprann mwen, kounye a, ke mwen—mwen—jis paske nou pa dakò.

69 Mwen menm ak madanm mwen pa dakò; asireman ke nou fè sa. Mwen di li mwen renmen li, epi li di ke li pa kwè sa. Se konsa, donk, nou sètènman pa dakò, men m ap di ou sa, nou antann nou trè byen.

70 Kounye a remake. Petèt mwen pa montre ase siy a li menm, mwen fè sa. Men, mwen soti al preche, apre sa, antre lakay mwen epi pran kan lapèch mwen epi ale lapèch. Ou wè? Men, nan fon kè m mwen renmen li; Mwen jis oblije rete lwen li, se tout.

71 Kounye a, remake nan sa a...Bon, si nou pa dakò, se trè byen; men ou wè, dlo pa remèt peche; se yon repons pa rapò ak bòn konsyans.

72 Kounye a, mwen kwè rezon ki fè Pòl te oblije batize la a, paske li ofisyèlman e li esansyèl nan Bib la ke nou batize. Paske mwen replase l dirèk nan kote sa a: lè vòlè a te pandye sou kwa a...Epi li te mouri san yo pa batize ditou, e poutan avèk yon pwomès ke Jezi t ap rankontre l nan Paradi a jou sa a; nan Paradi, pa nan rejyon moun pèdi yo, paske se te premye fwa yo te prezante l opòtinite a.

73 Epi mwen kwè se te menm kondisyon ak kè sa yo lakay Kònèy kote yo te resevwa Pawòl Bondye a ak kè kontan. Epi Sentespri a se Pawòl sa a vivifye, epi Li te vivifye ba yo. Se rezon ki fè Sentespri a kòmanse pale nan lòt lang epi pwofetize. Se te nan reseptak kè moun yo Pawòl la te tonbe nan, vizyon tout Sipènatural la.

74 Se sa ki twouble m jodi a nan lè n ap viv la. Apre ke pakèt Women yo te jis-...ak grèk, menm jan yo te ye, te jis wè manifestasyon dd yon vizyon konfime, Sentespri a te tèlman alarme kè yo opwen ke pandan Pyè t ap di mo sa yo, Sentespri a desann sou yo. Ou wè?

75 Menm jan... Ou wè, Kònèy te di: "Al rele..." Li te yon

senturyon, sa soti nan "syèk" ki soti nan yon santèn. Li te chèf plis pase yon santèn gason. Li te yon senturyon women; epi li te- li te fè yon vizyon pandan l t ap priye, epi yon zanj vin jwenn li. Li te yon bon moun. Li di, "Desann Jope. Gen yon Simon, yon tanè, e gen yonn ki rele Simon Pyè. Li laba... Ou pral jwenn li laba, epi l ap vin di w Pawòl yo."

76 Ebyen, li te panse vizyon an te vrèman reyèl. "Mwen pa t kapab ap dòmi; Mwen t ap gade dirèk a—Zanj la." Se konsa, li voye kèk nan sòlda ki pi fidèl li yo laba a.

77 Epi pandan l te laba, Bondye t ap pare apot la

lòt bout liy lan. Epi li di: "Kounye a, leve." Li te di... Gade lè li te moute anlè kay la ap tann pou...Madan Simon pou prepare dine a. Epi pandan li te la anlè a... Li te grangou, pwobableman ap mache, apot la te, atravè— dezè yo. Epi—epi li te kouche la sou kay la jis anvan dine a, sou kay la, jan sa te konn fèt. Toujou kontinye fè menm bagay la, kouche sou do kay la, epi yo desann yon nechèl epi pafwa eskalye epi lòt bagay, sou do kay la; chita anlè a nan frechè sware a.

78 Men, apot la te dòmi, e pandan li te nan dòmi a, li depase yon somèy ale nan yon vizyon; Apre sa, li wè yon dra k ap desann ak anpil bagay sal ak bagay ki ladan l, epi li tande yon vwa di: "Leve, touye epi manje."

Li te di, "Se pa konsa, Seyè, anyen pa janm antre nan bouch mwen sal."

79 Kounye a, wè, gen yon vizyon. Kounye a, gade! Sa dwe entèprete. Kounye a, sa parèt tankou Pyè pral fè yon vwayaj lachas e li te pral jwenn yon kalite bèt li pa t janm manje anvan epi eseye manje li. Li te di: "Se pa konsa, Senyè, mwen—mwen pa t janm gen okenn bagay ki sal antre nan bouch mwen."

80 Li te di: "Pa rele sa m ap fè a pwòp... sal sa ke mwen

fè pwòp." Li di: "Leve non, gen plizyè nonm k ap tann ou bò pòtay la. Ale, pa doute de anyen." Menm lè a yo t ap frape pòt la. [Frè Branham frape sou pupit—Ed.]

81 Kounye a, wè? Apre sa, lè li jwenn nonm sa a la, sòlda fidèl sa yo, jis dapre vizyon an...Epi vwala yo

tounen ak moun Bondye te di nan vizyon an... yon moun enkoni, jis yon ti pechè enkoni. Men, nan mitan ti gwoup sa a, li te tèlman enpòtan ke li te jwenn ti pechè sa a. Epi vwala li moute isit la ap vini nan kay la kounye a, kote li te wè vizyon an. Kònèy te rasanble tout moun yo ansanm epi yo di, "Poukisa, se jis egzakteman fason mwen te wè a li." Lè sa a, Pyè leve, li

kòmanse pale sou ki jan yo ta pral resevwa Sentespri a, e pandan l t ap pale toujou...! Yo te wè tout bagay pafètman nan lòd ak yon sèl vizyon. Yon pakèt moun moun ki te Payen, ki te wè yon sèl vizyon manifeste, epi yo te tandè Pawòl Verite a ki jan yo ta pral resevwa Lavi; epi Sentespri a te desann sou yo anvan yo te menm batize.

82 Ki sa li ta dwe fè tabènak sa a maten an? malad, aflije yo, avèg yo, soud yo, bèbè yo, pechè yo, tout bagay...Jis panse, sou dis milye bagay, pa yon sèl fwa li te janm echwe yon sèl iota! Poukisa, li ta dwe fè kè nou anflame!

83 Kounye a, kounye a, li toujou, pandan li te kontinye pale pawòl sa yo, Sentespri a tonbe. Lè sa a, Pyè di: "Èske nou ka anpeche dlo, vwayan ke yo te resevwa Sentespri a menm jan ak nou." Mwen kwè peche yo

yo te deja ale, paske Sentespri a pa t ap antre; epi

Li pa t ap antre amwen ke se te yon veso predestine. Li te konnen yo t ap suiv. Li te konnen...

84 Mwen kwè Pòl, rezon ki fè li te oblije batize ankò

se, li te pèsekite kretyen yo. Se vre. Epi li, Bondye te konnen, paske Li te di Ananyas: pwofèt la. Lè Li te konnen Sayil te desann laba nan yon chanm, figi nwasi ak je nwasi, epi li te—li te priye tèlman fò ak pousyè tè toupatou sou li, epi li te avèg akòz Kolòn dife a ki te parèt devan l sou wout la; epi li di: "Mwen te chwazi l yon veso pou moun lòt nasyon yo." Bondye te konnen ke—ke Ananyas t ap kapab batize l nan Non Jezikri

Nan larivyè Damas la twa jou apre. Men, mwen kwè peche l yo te deja remèt, men li te oblije fè sa pou montre mond lan. Epi Mwen kwè ke se rezon ki fè nou dwe batize nan Non Jezikri. E mwen kwè semans predestine a pral wè li, epi sèlman yo pral wè sa.

85 Kounye a, frè lafwa trinitè yo, mwen p ap voye pik sou nou, presye frè mwen, mwen sèlman ap reponn kesyon. Mwen sèlman bay vrè panse mwen sou li. Band sa a kakab yon fwa rive an Afrik. Mwen kwè ke nou nan lonbraj Vini Li a. Nou tout kwè sa.

Mwen gen zanmi presye, duPlessis yo ak Schoemans yo, ak yo tout, Yeager, ak bon frè yo nan—nan Lafrik di sid. Men, genyen toujou yon moun ki jis kanpe fèm nan lavi yon

moun. E pami tout mesye sa yo—e mwen renmen yo menm jan mwen renmen frè sa a, osi presyèzman, men Frè Jackson ak madanm li te toujou demake Inan lavi mwen. Mwen jis pa t kapab konprann li; li—li te demake l. Kounye a, gen Justus duPlessis, zanmi pwòch, ak o, anpil pami bon, bon frè ak sè Afriken sa yo.

86 Ebyen, poukisa Frè Jackson ak madanm li te parèt devan m? Paske li te yon chasè? Non! Paske mwen gen anpil bon zanmi chasè laba a. Men, poukisa li te demake l? E poukisa? Si ou sèlman te konnen sekre ki dèyè tout sa a. Men, mwen pa di moun tout sekre ke mwen konnen. Oke, poukisa se te nan menm lè ke Senyè a te di, “Kontakte Sidney Jackson nan Lafrik di sid,” Senyè a te pale ak Sidney Jackson pou vin isit la? Dimanch nan yon semèn li te batize, li menm ak madanm li, nan Non Jezikri, isit la nan tan onbraje a. Ou wè, predestine pou kòz la. Ou wè?

87 Kounye a, mwen kwè ke ou—ou—ou sove lè w aksepte Jezi Kris. Epi batèm nan dlo se yon ekspresyon eksteryè pou montre ke gen yon bagay anndan ki te rive, paske dlo pa gen vèti; se jis yon senbòl. E mwen kwè ke ou sove lè ou...

88 Kounye a, gen anpil moun (kite mwen rektifye sa pou

frè sa)...Gen anpil moun ki...di yo sove; anpil moun batize nan Non Jezi; anpil moun pale an lang, epi gen tout kalite siy Sentespri a, men malgre tou ou pa menm sove. Se vre. “Lè sa a, anpil moun pral vin jwenn mwen, y ap di: ‘Seyè, èske mwen pa pwofetize nan non w?’ (predikatè) Èske mwen pa, chase move lespri yo nan Non ou e fè anpil gwo zèv.” Li va di: Wete kò nou sou mwen, nou menm ki fè mechanste; Mwen pa t menm janm konnen ou.” Ou wè? Se konsa, tout bagay sa yo, poutan li—se—se Bondye; se nan menm Li. Men, lè Mwen wè sa...

89 Ou di: “Ebyen, poukisa w raple pèp la pou rebatize?” Se paske mwen ap swiv modèl nan kòmansman. Nou pa ka pèdi chema sa a.

90 Kounye a, nou pran apot Pòl lè l te jwenn kèk disip

ki te moun fòm idab. Mwen kwè yo te sove, e poutan yo pa t batize nan Non Jezikri, malgre ke yo te batize (Akt 19). Pòl te pase nan kòt siperyè Efèz; li jwenn kèk disip. Epi li te di yo, “Èske nou te resevwa Sentespri a depi nou te kwè?”

Epi yo di l: “Nou pa konnen anyen sou Sentespri a, ni s gen yon Sentespri.”

Li te di: “Ebyen nan kisa nou te batize?”

Yo di: “Nou te batize. Jan batize nou, menm nonm ki te batize Jezi a.” Sa se yon trè bon batèm.

91 Men, obsève apot sevè sa a. Li di, “Men, Jan sèlman

batize pou repantans,” pa pou padon peche, paske Sakrifis la pot ko mouri, batize nan li...Epi lè yo

te tande sa, yo te rebatize nan Non Jezikri, epi Sentespri a desann sou yo.

92 Kounye a, kisa sa te fè? Li te montre ke moun sa yo ki te predestine pou lavi, osito ke yo te wè Verite ki ekri nan Liv la, yo te mache nan Verite a epi yo te resevwa rekonpans yon kwayan: Sentespri a desann sou yo, epi yo pale an lang, pwofetize, magnifye Bondye. Ou konprann li kounye a? Ou wè? Yo te fè sa apre yo te deja gen anpil lajwa, yo t ap rele, fè lwanj Bondye.

93 Nan Bib la, yo te gen yon predikatè Batis; li te batize tou. Men, li te, e li te—pwouve pa—pa Bib la ke Jezi te Kris la. Epi pèp la te kontan anpil, e yo menm tou te jis tèlman kontan de sa; e poutan yo pa t gen Sentespri a! Yo te dwe rebatize ankò. Apre sa, Pòl te di nan Galat 1:8: “Si yon zanj ki sot nan syèl la vini epi li preche nenpòt lòt levanjil pase sa mwen te preche nou, se pou li modi.” Pe enpòt kisa li ta va ye.

94 Se poutèt sa, konesan bagay sa yo... Petèt ou pa konnen yo, frè m yo; men konesan bagay sa yo, alò mwen gen kontrent ak devwa nan Bondye pou akonpli plan premye fondasyon an, paske pa gen lòt moun ki ka poze okenn lòt fondasyon pase sa ki deja mete a; sa se apot yo ak pwofèt yo. Pwofèt yo te predi l, e apot yo te kontinye l; epi nou sipoze kontinye pote l jiskaske bilding nan konplete.

95 Kounye a, mwen kwè alò, ke yon moun sove lè l kwè nan Jezikri Seyè a, ak tout kè l, epi nan tout kè l, non

pa ak konsyans eksteryè li kounye a ...

96 Ou wè, ou—ou se yon moun doub, twa moun nan yon sèl, nanm, kò, ak lespri. Kounye a, mwen kwè sans ekstèn ou yo, nanm ou soti nan... pa nanm ou, men konsyans eksteryè ou, sans ou yo... Lè w reveye, sa vle di, ou se—ou opere pa senk sans: vu, goute, touche, odora, ak tandè. Ou te sèlman resevwa yo pou kontakte kay terès ou a; ou pa t resevwa yo pou kontakte kay selès ou a. Genyen aktyèlman sis sans nan yon kò imen, paske li se nimewo sis nan Bib la. Li te kreye sou sizyèm jou a, e li se nimewo sis, yon nonm se sa. Epi li gen pou wè, goute, touche, pran sant, tandè, epi lafwa. Lafwa li fikse destinasyon li, kote li te dirije.

97 Kounye a, lafwa se sibstans bagay nou espere, evidans bagay ou pa wè, goute, touche, pran sant, oswa tandè. Men, gras ak lafwa, lè li trape Pawòl la, Li voye l nan yon dimansyon (ou wè?) ki fè Li tèlman reyèl pou li, opwen li osi bon ke si li te genyen l na pla men l. Li konnen li pral rive.

98 Kounye a, gen menm bagay la sou kesyon sa a isit la sou dlo batèm. Ou wè? Bondye te konnen ke moun sa yo ta pral batize nan Non Jezikri. Apre sa, Pòl, li te fè deklarasyon ke okenn moun, menm yon zanj ki soti nan syèl la, pa ta dwe anseye okenn lòt doktrin pase sa li te anseye a; donk se poutèt sa, si mwen vini kòm yon predikatè, kòm yon minis, kòm yon pwofèt, oswa

kèlkeswa sa mwen ta ka ye, oswa menm yon zanj k ap desann, epi li ta anseye yon bagay ki kontrè ak sa apot sa a te fè, epi mwen pa t kòmande pèp la pou yo rebatize nan Non Jezikri, Bib la ta jwenn mwen yon fo temwen sou bagay mwen pretann m kwè a.

99 Kidonk, mwen kwè ke modèl la te etabli. Chak moun

nan Bib la te batize nan Non Jezikri. Pa yon fwa yon moun te janm batize nan non Pè, Fis,

Sentespri. Ou wè? Pa janm gen moun ki te janm aroze, yo tout te imèse.

100 Se konsa, mwen kwè ke lè ou aktyèlman...Pou kesyon ou a, presye frè, mwen kwè ke lè Bondye konnen kè w...Pral gen plizyè milye la ki te batize nan non Jezi. Ou jis desann yon pechè sèk epi remonte yon pechè mouye. Ou wè, ou wè? Men, antanke vrè kwayan an, ou dwe mache nan tout lafwa ak bòn konsyans anvè Bondye, lè ou wè li, ou batize! Men mwen kwè ke se sèlman nan yon ekspresyon eksteryè ki montre ke yon travay enteryè te fèt pa lagras.

101 Menm jan Bondye te bati lach la. Li te di: "Noe, antre ladann, ou menm ak fanmi w ak tout kò kay you." Answit yo te antre ladann. Koulye a, mwen kwè si pa t gen yon lach la a, Bondye ta kite Noe sou yon twonson bwa osinon mache sou dlo a. Ou wè? Men, li fè yon lach pou l antre ladann, e se te konsa yo te fè l'; se te fason Bondye te bay la. Mwen kwè ke Bondye sove yon nonm pa gras. Nan Non Jezikri atravè yon temwayaj se fason Bondye bay pou antre nan li, paske yo tout te batize fason sa a.

102 Mwen pa kondane lòt kanmarad la, men se jis...Mwen panse ke se sa l ye. Dlo pa sove yon nonm, sa sèlman montre ke l te sove; li se yon temwayaj. Kounye a, sa ka pa kòrèk, frè. Si se pa sa, ebyen, nou pral jwenn li yon lòt fwa oswa... dakò.

242. Nan Jenèz 6:4, apre delij la, ki kote jeyan yo te soti?

103 Sa a se yon bon, trè byen. Sa se yon kesyon sansib. Ki kote jeyan sa yo te soti? Adan pa t yon jeyan jan n konnen an, paske si l ta sa, Bib la ta di l. Li te jis yon nonm òdinè. Ki kote yo te soti? Kounye a—kounye a, sa a se yon gwo diskisyon, e yo te jis remèt mwen sa a. Li sou yon gwo moso papye nwa, epi li se yon, oswa, gwo, lèt nwa sou yon moso papye blan.

104 Ebyen, jeyan sa yo...mwen kwè se te youn...yon moun isit pa lontan de sa...Se te petèt Josephus. M pa—mwen pa p di sa kounye a, frè minis yo, ke se te Josephus. Men sa sanble pou mwen tankou se ta ka li, oswa Dr Scofield, oswa kèk nan yo, ki te di ke jeyan sa yo ki te nan peyi a te anreyalite dè zespri dechi pa Bondye ki te tande— Satan an, jan ke l te rakonte nan ...nan Syèl la...E se Mikayèl...T ap eseye fè lagè ak Mikayèl nan syèl la...yo te choute l deyò...Ke pitit gason Bondye sa yo te wè pitit fi lèzòm yo, e jeyan sa yo te nan peyi a nan epòk sa a, ke yo te rantre nan kò moun. Si w fè sa, ou fè de Satan yon kreyatè. Ou pa ka fè sa.

105 Pa plis ke Doktè Smith, sou Setyèm Jou Advantis la pou sakrifis bouk la. Li te di ke yon bouk kabrit ki te... Yo te touye de bouk kabrit nan—jou sakrifis la, Jou Ekspyasyon an, epi yo te touye yon bouk epi lòt la yo te lage l. Apre sa li te di ke bouk yo te touye a te reprezante Jezi, Potè peche nou yo ki te mouri; men bouk kabrit ki te lage a te reprezante dyab la, ki te pote peche nou yo epi ki te al nan letènite avèk li. Koulye a, ou wè, nenpòt... Dapre mwen... Si sa a ta janm rive jwenn yon frè Advantis, mwen pa di anyen sou nonm remakab sa a, Dr Smith. O, li te yon kretyen entelijan, save, bon, kiltive, yon kwayan dwe; men pou mwen, ou wè, li pa fè sans. Lè w fè sa, w ap fè sakrifis a dyab la lè sa a. Yo tou de te reprezante lanmò Kris la, antèman ak rezirèksyon l. Li te mouri tou pou peche nou yo e li te mennen peche nou yo byen lwen; tou lè de te Kris la.

106 Kidonk, jeyan yo pa janm vin rantre tèt yo nan moun. Jeyan sa yo se te pitit gason Kayen, ke papa yo se te sèpan an, ki te sanble sou tout pwen ak yon nonm, men li te yon remakab, yon potorik kanmarad, pi gran ke yon nonm. Epi se la a pitit gason sa yo te soti, paske yo te pitit Kayen, paske yo te Kananeyen nan peyi Kanaran, kote yo te soti a; e se la Kayen te ale. Epi sa te... Ou wè, sa tou te pwouve semans sèpan an. Se te yon lòt ras moun diferan toutansanm. Se te semans sèpan an. Ou wè?

107 Kounye a, sa a—se kesyon semans sèpan sa a isit la, donk nou—nou pral rive sou li, e mwen vle w kenbe sa a nan tèt nou. Ou wè? Koulye a, jis pou depoze fondasyon sa a.

108 Gade, yo te—yo te Kananeyen, jeyan sa yo; e yo te pitit Kayen, ki te pitit sèpan an. Epi sèpan an se te yon nonm jeyan, remakab, yon jan de tip kolosal, pa yon reptil ditou, bèl aparans. Li te pi sibtil pami tout bèt nan jaden an. Epi li te sèl...

109 Ou wè,—jèn ki soti nan yon bèt ki al nan yon fanm pa pral kwaze ditou. Yo te eseye l ankò e ankò; li pa fètil pou espèm fanm nan. Epi kounyeya, yo pa ka jwenn li. Pran yon chenpanze, se bagay ki pi pwòch yo ka jwenn pou nonm lan, oswa goril la, oswa kèk nan sila yo ki pwòch nonm lan. Kòm Bondye nan gran evolisyon an li kòmanse pa fè pwason; Apre sa li fè zwazo; e answit Li te fè lòt bagay, zannimo, epi yo te kontinye vini, jiskaske youn soti yon chenpanze, epi yon makak, e ap kontinye desann pou yon goril, e apre sa nan fòm sèpan an, ki answit de yon sèpan a yon nonm.

110 Epi limanite te eseye chache, lasyans, ap eseye jwenn zo yo, kisa bèt sa a te ye ki te pwòch imen an. Epi imen se yon zannimo. Nonm lan, pati lachè a se vyann bèt; nou konn sa. Nou se mamifè, ki se yon bèt ak san cho; nou konn sa! Men, sa ki fè diferans lan? Bèt la pa gen nanm anndann, men moun nan genyen l. Li pa konnen sa k byen ak mal.

111 Ti femèl chen an pa konnen ke l dwe mete yon rad, e m pa kwè li ta mete bout pantalon si l te...konprann. Ni si se ta yon femèl kochon, men se ras imen an ki dechi. Ou wè?

112 Kounye a, men—men kote l soti. Se la a ke jeyan sa yo te soti. Yo te pitit sèpan an.

113 Epi gade, lè l te wè Èv nan kondisyon sa a, limenm...Satan te antre nan li e li te fè l...Ou wè, Adan pot ko janm dekouvri l. M—m pa konnen kijan pou m itilize mo sa yo. Li ta kòrèk isit la avèk nou tout, men yon moun tèlman kritike l. Ou konnen, yo toujou ap eseye jwenn yon bagay. Men ou wè, Adan pa t janm konnen Èv, madanm li. Li pot ko janm rive kote sa a, e Satan te bat li la a. Ou wè? E kidonk, lè l te vin ansent, Lè sa a, li te konnen l. Nou pral rive sou sa nan pwochen kesyon sa a oswa youn nan kesyon sa yo. Mwen pa konnen ki kote l ye; nou... Mwen fèk wè l la a. Ebyen, men ki kote jeyan yo te soti.

243. Chè Frè Branham, èske tout pitit gason ak pitit fi vrè kwayan, ki ne de nouvo yo ap sove?

114 Non, frè; non, yo pa pral sove sèten. Ou wè, jan mwen—jan mwen te repete David DuPlessis sou remak sa a, “Bondye pa gen pitit pitit (Ou wè?), sèlman pitit gason ak pitit fi.” Ou wè, yo pral oblije pran nesans egzakteman menm jan papa yo ak manman yo te pran nesans nan Lespri a. Ou wè? Se sa ki fè yon nonm yon nouvo moun, se paske li te ne de nouvo. Premye nesans li mennen l yon nonm natirèl sou tè a; dezyèm nesans li mennen l yon nonm espiryèl nan syèl la. Ou wè? Li chanje l, nanm li, pa konsyans eksteryè li, èt ekstryè li, sans li yo; li toujou gen sansasyon, epi ka pran sant, gen gout, epi tandè; men pati enteryè li yo, dezi li yo, sa ki motive l, te vin chanje pou Bondye. Ou wè?

115 Kounye a, sonje, sèl fason ke sa ta ka rive se ta sa a: jis jan sa te ye nan epòk santiryon Women an. Pòl te di Women an, li menm ak Silas, lè l te vle rale epe l epi touye tèt li, paske Bondye te souke prizon an ak yon tranbleman tè; li di: “Pa fè tèt ou mal, gade nou tout la. Leve

kanpe!" Epi li te vle konnen sa I te kab fè. Li te di: "Leve, pran batèm, envoke non Senyè a, epi ou menm ak kay ou va sove." Ou wè? Nan lòt mo, "Kwè nan Seyè Jezi Kris la, ou menm ak kay ou va sove."

116 Kounye a, kouman? Si kay ou kwè menm jan ke w kwè. Ou wè? Ou priye epi remèt pitit ou yo bay Bondye epi akwoche w nan Bondye, kwè ke yo pral sove.

117 Mwen fèk pase atravè eksperyans lan ak Rebeka mwen an. Ou wè? Jis remèt li bay Bondye. Lè I te vin yon ti "adolesan , " epi li te al nan konpayi kèk ti jenn fi lè n te fèk al labab, li te al ... al lakay yon ti jenn fi ap pran leson mizik ... Epi ti jenn fi sa a ... M te pase yon jou, epi la a ti jenn fi sa a te chita sou pyano a ap jwe ròkenròl. Bon, sa te jis ase pou mwen! Konsa, mwen te di I kanpe lwen de kote sa a. Ou wè? E apre li te di, "Bon, se sèl kote mwen te gen pou al pran mizik la." (Ou konnen ki jan "adolesan yo" ye.)

118 Epi mwen te di... Chak timoun dwe pase la. Pratikman tout moun pase nan laj sa a. Ou te pase l; Mwen te pase l. Epi nou dwe panse a sa ke yo panse.

119 Kidonk, kèk jou apre ke manman I te kouri dèyè l pou yon bagay, e li te fè l yon ensolans. Kounye a, sa a se pa Rebeka ditou. Li kouri soti epi frape pòt la, li prèske lage bagay sou miray la atè, li te al lekòl.

120 Kounye a, m ta dwe sanble, annaparans, jis retire senti mwen an, epi swiv li deyò nan lakou a, epi mennen l tounen makonnen toutotou l. Ou wè? Men, m te panse, "Tann yon minit, fòk mwen gen panse yon moun dizwit-zan." Ou wè? "Kounye a," mwen te di, "Manman, mwen konn sa..." Li te kòmanse kriye, Meda . Mwen di, "Mwen konnen ke fè tout sa w kapab; Mwen fè tout sa m kab fè. Kounye a, si l pa nan men nou, nou dwe pase nan pwochen etap la."

121 Jan kèk dam te ekri lòt jou a avèk jantiyès (li nan youn nan kesyon sa yo isit la), li te di: "Frè Branham, ou pa Mesi a, pa vre?" Mwen di: "Non, madam." Li te di: "Nou kwè w se bèje nou, men w toujou ap dirije nou kot Gran Bèje a." Mwen te di: "Se vre; se vre." Ou wè?

122 Mwen te di: "Bon gade, cheri, kounye a, ou dwe koute m. Li difisil pou ou pou fè sa; Mwen se mari w. Men, moun kondwi atravè nasyon yo e ozalantou pou jis kèk mo konsèy. Kounye a, si w... mwen te pale avè l lòt jou, epi li te jis elwaye l de mwen."

123 Kounye a, Becky pa t janm fè m sa. Ou wè? Epi lè manman l te di yon bagay sou sa, li te frape pòt la epi li di, "Ou espere m ret la epi fè m yon tapisri tout lavi m?" Epi blame m ! Li frape pòt la epi l soti. Se te dyab la.

124 Mwen sonje, de premye ane nan lavi l li te konn kriye. Nou antre nan yon restoran pou n manje; Mwen te al mache nan lari a avè l pandan Meda ap manje , epi apre sa li te al mache avè l pandan m ap manje. Jis pede kriye ak kriye. Epi yon jou anwo a nan Kanada, li te kriye tout nwit lan, epi mwen pa t kab repoze ak bagay konsa; mwen kanpe la...Koulye a. Epi yon bagay te di m: "Se dyab la k ap atake ministè w la."

125 Mwen di: "Banm ti bebe sa a." Mwen te di: "Satan, nan Non Jezikri, wete men w sou li." Li te sispann nan moman sa a epi li pa janm kriye ankò. Li se timoun ki pi trankil m te genyen. Depi menm lè sa a sa te ale. Ou dwe gen sa... Ou dwe gen sa nan ou, anvan w ka fè li! E apre sa, lè l... epi apre, ke... li te kòmanse sa. Apre sa, mwen pran Meda apeprè inèdtan. Mwen te di, " Meda, wete men w." "Mwen? Sa se pitit mwen!"

126 Mwen di: "Èske se pa pou mwen tou?" Dakò. Mwen te di, "Si li t ap mouri maten an, ou ta oblije konsakre l a Bondye pou destinasyon etènèl li. Poukisa nou pa ka konsakre l a Bondye kounye a pou vwayaj li sou tè a?" Epi li di, "Ebyen se pitit mwen!" Mwen te di, "Se pou mwen tou." Mwen te di: "Koulye a, èske ou ka pran ..." "Mwen pa di l anyen?"

127 Mwen te di: "Mwen pa janm di sa. Nou pral sispann reprimande li, jis konseye li. Li bezwen yon zanmi, epi se ou ki pou vin zanmi l, ou menm ak mwen. Nou se paran l.

128 Timoun yo jodi a bezwen yon zanmi. Si yo te gen yon manman ak papa ki ta rete lakay epi pran swen yo, olye pou yo sot deyò a la a nan disco ap kouri a dwat a goch tout nwit lan ak bagay konsa, pa ta gen—pa ta gen delenkans jivenil. Ou wè?

129 Yo te kite Bib la; yo tout te ale legliz e yo te fè jwèt bingo ak bagay konsa epi... Gade? Ou ap eseye modènize tankou teren Satan an nan Hollywood. Ou pa janm ka mennen Hollywood nan legliz la, ou dwe... Mwen vle di pote mennen legliz la nan Hollywood, ou dwe mennen Hollywood sou teren w. Ou wè? Pa ale sou teren yo, kite yo vin isit la. Nou gen yon bagay ke yo pa konn anyen de li.

130 Konsa nou te mete nou ajenou epi renmèt li nan men Bondye. Mwen te di, "Mwen konnen li gen dizwitan, li pral genyen l nan kèk jou, epi li... e yon ti fi laj sa a pral panse ak mennaj, epi nou te kenbe l anndan." Mwen te di, "Mwen—mwen pa t janm vle wè l marye. Mwen vle mete l nan biwo a isit la, pou fè travay la. Mwen vle wè l ranpli ak Lespri a epi—e—epi viv konsa." Epi li... Ebyen, nou tout te vle sa. Li te di, "Bon, nou pa ka fè sa." Li te di: "Li jis pa vle tande sa."

131 Mwen di: "Tann yon minit! Nou te fè kou n kapab pou elve l, kounye a, remèt li nan men Bondye, konsakre l ." Apre sa, mwen te di, "Alòs, lè l fè yon bagay di, 'Becky, cheri, manman pa vle w fè sa, men mwen se zanmi w; M pa p lage w.' Ou wè? Fè l konnen ke w renmen l. Li pral chache yon moun pou renmen l, epi li ta ka move moun nan." Ou wè? Mwen te di, "Ou se fanm ki ka renmen an." Mwen te di, "Cheri, sa parèt ou yon jan brital, men moun vin toupatou, epi pou gen yon entèvyou pèsònèl, ak bagay sa yo." Mwen te di, "Mwen tèlman byen koni; nou komen youn ak lòt, paske nou se mari ak madanm, men nou pa janm kite sa rive. Ou dwe raple w, sa a se Non Seyè a! Konsa li di, "Dakò." Nou te mete n ajenou epi nou te remèt li bay Bondye. M te di n ap wete men nou nan sa. Apremidi sa a li antre; li te di, "Bon, mwen devine w ap kontinye di mwen pa pral la ba a!"

132 Meda di, "Non, mwen pa janm di anyen sou sa." Li te di: "Ou konnen, Manman w pa vle w fè sa; epi ou konnen ke se tankou w te touye papa w lè l te tande w ap jwe mizik boogie-woogie sa a, kèlkeswa sa l te ye a, ak ti jenn fi sa a. Li te di: "Koulye a, li pa t vle ou fè sa, epi nou pa vle w fè sa, Becky, men nou jis te remèt li bay Senyè a. Mwen vle w konnen ke n renmen w. Kèlkeswa sa w fè, nou toujou renmen w." Li di, "Mwen prale kanmenm!" Li te di, "Dakò, Cheri." Kidonk li te al nan wout li. Li te di: "Dakò, soup a ap pare lè w tounen." Li pa t janm ale! Non, li pa janm ale depi lè a. Ou wè?

133 Pa pita apre sa li te rankontre George; George se yon kretyen. Sa te regle depi lè sa a.

134 Li t ap eseye pale ak Madan Wood sou sa lòt jou. Li te di, "Oh, mwen te vrèman sovaj." Li te di: "Papa ak Manman te remèt mwen nan men Seyè a." Li te di, "vrèman sovaj." Men, sa—sa te sovaj pou nou; nou pa vle gen anyen pi sovaj pase sa. Ou wè? Jis kite l ale konsa. Dakò.

244. Frè Branham, kisa w panse osijè de ... (Oh, oh! M sonje m te li sa a. Mwen pa t... Mwen ta pral kenbe l pou pita, men mwen kwè m ta fè mye li l tou. Se ekriti yon fanm. Li dwe sot Kentucky, paske li gen yon—yon resi Kosmos Portland siman la a.) Frè Branham, kisa w panse de sè nou yo nan legliz la k ap mete rad kout? Èske sa pap gate temwayaj nou an epi bay move egzanp pou jèn yo nan legliz nou an? Sa tèlman sanble i-n...pou wè yon jèn...pou wè yon fanm adilt ki mete yon rad tèlman kout ke jenou l parèt lè l ap mache.

135 Kèlkeswa moun ou ye, Sè oswa Frè, nenpòt ki moun li ye, mwen dakò ak ou san pousan. Se yon wont, men di m kisa pou m fè pou sa! Mwen preche l osi sevè ke m konnen ki jan pou m preche l; yo fè l menm jan an. Konsa, se jijman yo, paske Pawòl la te preche. Wi, mwen sètènman kont vye rad kole sou kò ki sanble... Mwen toujou nan diskisyon ak pitit mwen yo, Becky ak Sarah. Mwen pa fè ka kijan yo piti, mwen...sa...mwen jis nan kont ak yo tout tan. Mwen menm kwè ke yo mete rad sa yo... Meda pran Becky apa chak jou sou sa. Ou wè? Rad ki monte jiska...paske yo se timoun, ou ka atann sa de timoun, epi w dwe korije yo; men, lè l kesyon de fanm adilt, gen yon bagay ki pa ale la a. Ou wè?

136 M pa blese santiman w kounye a, mwen fè ke reponn kesyon yo. Ou mande m li ak tout kè w; Mwen di nou l ak tout kè m. Si w jwenn repons lan, mwen—tanpri vin di m li, mwen pral fè l sèten, si m ka fè yon bagay pou sa.

137 Tankou yon moun te di lòt jou, li te di, "Ebyen, m ap di w, Frè Branham," li te di, "Mwen di w sa Adan ak Èv..." Li te di, "Se te jis egzaktman; ke yo te gen yon pòm!" Apre sa mwen te remake ke yo chanje sa kounye a; yo te di yo te gen yon kisa? Mwen kwè yo te rele l yon bagay? [Yon nonm nan kongregasyon an reponn: "Abriko." — Ed.] Abriko, wi, se yon abriko

ke yo te manje. Ebyen, li lè pou yo pase abriko ankò si sa fè yo reyalize yo te toutouni. Ou wè?

245. Frè Branham, mwen te aksepte Mesaj Bondye pou jodi a, e pitit gason nou an tou. Epi nou tou de te batize nan Non Senyè Jezikri. Mari m—mari m pa t aksepte Mesaj la epi I ap konbat Mesaj sa a. Epi li te enfliyanse pitit gason nou an epi li mennen I nan yon legliz Metodis. Li vle m 'ale avèk li legliz lè nou pa nan sèvis isit la nan tabènak la. Èske li ta bon pou m ale avè I oswa èske li ta pi bon pou m rete an deyò denominasyon sa a?

138 Ebyen kounye a, byeneme Sè...Li pa janm siyen non I, men petèt w ap koute kesyon w lan; si se pa sa, ou va tande I sou bann lan. Ale ak mari w, men pa patisipe nan sa y ap fè a. Gade, ou sipoze renmen mari w, epi lanmou se sa k fè I . Ou fèt pou reyèlman sale; li pral swaf si I pa gen anyen nan li.

139 Pa fè w manb denominasyon yo. Li te di, "Rete lwen denominasyon sa a." Pa fè w manb ladann; al ladann. Si w pa ka jwenn yon pen antye, wa jwenn yon mwatye; ou pa ka jwenn yon mwatye, wa jis jwenn yon franch. Gade, ou wè? Men se konsa ou pral genyen mari w, lè w fè sa. Pa fè ògèy, alòs, li pral konpran ke li genyen otan ke w genyen. Ou wè? Men lè w ka montre yon bagay ke w genyen ke I pa genyen, sa ap fè I swaf pou vin tankou ou. Madanm lan ki sanktifye a sanktifye mari a.

140 Se te jis yon konsèy. Konsa Mwen—Mwen te kab pase yon bon bout tan sou sa, men nou jis vle pase atravè otan ke n kapab, paske mwen wè mwen te sèlman gen apeprè vennde minit lè sa a. Dakò.

246. Frè Branham, mwen kwè Mesaj ou anseye a ak tout kè m. Li rejwi nanm mwen; sepandan, madanm mwen ak pitit gason m 'pa pran plèzi nan Pawòl la. Yo pa vle separe yo ak kèk abitud monn nan. Ou te di ke nou ta dwe reklame fanmi nou yo. Mwen twouve sa difisil pou m fè, sanble ke yo pa viv pou Pawòl la oswa nan Pawòl la. Kisa kondwit mwen ye, mesye? Èske se pou m reklame yo epi kwè, oubyen èske se pou

m priye, "Papa, ke volonte w fèt," epi kontante m nan eta ke m twouve m nan? Mwen ta apresye gidans ou, Frè Branham.

141 Bondye beni w, frè m oswa sè m, kèlkeswa moun ou ye. Mwen—mwen ta jis remèt yo bay Senyè a. Mwen... Ou wè, paske, "Tout Sa a Papa a ban mwen ap vin jwenn mwen." Ou wè? Kounye a, se sèl bagay pou nou fè nou menm...

142 Sa te fè kè m gonfle ak lajwa lòt jou lè m ap monte desann epi wè responsab motèl sa yo. Mwen te desann bò kot Mesye Becker a. Li te di: "Billy, ou konn ou bagay? Mwen bay tout kongregasyon w lan manje chak dimanch," lè ke Blue Boar la sèvi twasan (300) manje prèske chak dimanch! Ou wè? Apre sa, mwen te soti isit la ak mesye sa a la a, mesye ki nan Ranch House la la a, vrèman bon moun. Mwen te rankontre l. Li te di... Mwen te di, "Oke, sa te vrèman byen." Mwen te di, "Mwen apresye ke w kenbe tout bagay sa yo a distans la a, tout sa k ap pase la ba a." Li te di: "Wi, mesye, Frè Branham." Mwen te di: "Ki jan l fè konnen m?" Ou wè? M te di: "Ki jan w fè konnen m?" Li te di: "Mwen konnen w," Li di, "Mwen bay tout asanble w la manje chak dimanch... Ebyen," li te di, "e m vle di w yon bagay: yo se bon moun. Yo se bon moun!"

143 Kounye a wè, sa te fè m santi m byen. Noumenm pitit mwen yo. Ou wè? Lè m tandè pitit mwen yo aji byen epi yo janti, sa fè Papa santi l byen. Ou wè? Se konsa ou konprann.

144 Bon, kounye a, Manman, lè ke... Sè m, si mari w vle ou desann nan legliz Metodis la, ou met ale. Ou gen dwa pa jwenn yon pen antye, men si yo menm di yo kwè ke Jezikri se Pitit Bondye a, ou kwè sa, ' paske nou menm tou. Koulye a, si yo pral ale nan lòt komedi ak lòt bagay, jis-jis kite yo kontinye, men manje yon ti bout nan pen an. Ou wè? Avec sa, ou jis manifeste jantiyès nan lavi ou ak konsiderasyon ou pou lòt moun... E si, pa genyen l, chè sè, priye jiskaskè l vin sou ou, pou ke w pa pral oblije demontre anyen atifisyèlman, paske lè w fè sa a, li pa reyèl. Mari w ka di sa. Men, ou menm, lè w vrèman priye nan yon tèl pwen ke lavi w ranpli ak sèl Sovè a, sa pral fè yon kontak. "Si mwen elve m, m ap atire tout moun a mwen menm." m ta ale; fè vrèman atansyon. Men, pa fè w manm nan legliz yo a! Tanpri pa fè sa; pa fè w manm legliz yo a, men ou mèt ale!

247. Frè Branham, men yon kesyon ki te yon sòt de entrig pou plizyè nan nou isit la. Youn-sou-sou (ekskize m) sou kèk bann ou pale sèlman de jwif yo ki te sove apre Lepouz la te fin anlve. (Epi li se yon liy travès.) Tanpri eksplike antyèman osijè moun ki pa jwif yo ki pa pral nan anlèyman. Mwen te panse ou te di ke moun lòt nasyon ki te rete yo te pase nan tribilasyon epi yo te bay lavi yo pou temwayaj Jezi a. Lè l soti nan lòt nasyon yo al jwenn jwif yo... lè li te pase de lòt nasyon yo a jwif yo, lè sa a pa gen okenn chans ankò pou moun lòt nasyon yo ka sove, jis moun lòt nasyon ki te sove, men ki pa resevwa Verite dènye jou yo, verite a pral nan Peryòd Tribilasyon an epi apre ap sove nan fen an. Èske se sa? Tanpri eksplike, paske ou te di ke ta gen jis yon ti kantite ki pral nan anlèyman an. E moun ki te kwè nan Senyè a—ki kwè nan Senyè a kounye a ak nan fason... e yo pa kwè nan fason w ap preche Mesaj jou fen tan sa a? Èske yo pral sove? E answit sè a te siyen non l.

145 Kounye a, trè bon kesyon. Kounye a, tou dabò, konfizyon an se, se sa m te di sou jou moun lòt nasyon yo dwe fèt lè tribilasyon an... nan tribilasyon an. Kounye a, mwen pa wè moun lòt nasyon yo nan Bib la...Lepouz lòt nasyon yo, Lepouz la, pa legliz lòt nasyon yo kounye a, Legliz Lòt nasyon yo pral pase nan Peryòd Tribilasyon an (wè?), men se pa pou yo... Ou wè, Lepouz la se Eli a. ; Y ap fè ke ale nan anlèyman an. Yo jis chanje epi anlve kite mond lan. Ou wè? Koulye a, mwen pral eksplike sa nan yon lòt kesyon la a, pran l de Litè l ap monte, epi ou pral wè Lè sa a, sa l vle di; se matirite kò a. Ou wè?

146 Kounye a remake. Bon Juif ki rete yo se sila ke de pwofèt yo pral preche yo, Eli ak Moyiz.

147 Kounyeya, sa a se pwòp panse pa m, frè ministè yo, nan pwòp fason pa m ke m santi Sentespri a te revele a mwen menm.

148 Kounye a, pwochen bagay ki pral rive, se Jwif la, oswa, Lòt nasyon yo, Lepouz ki eli a ki pou anlve ak rès moun lòt nasyon yo, Lepouz Eli a ki te pase atravè tout laj yo, te anlve nan Prezans Kris la nan syèl la. Moun ki mouri yo resisite; sa yo ki vivan epi ki rete yo te chanje; epi yo anlve ansanm nan lèzè pou rankontre Senyè a. Apre sa, paske...

149 Apre seremoni Maryaj la nan Laglwa, Jezi, apre ke L fin anlve al nan syèl la, Jezi retounen sou tè a epi fè pèp li a konnen L, nan tip jan ke Jozèf te fè frè l yo konnen l. Epi Madanm li, pa t gen yon lòt nasyon ki te la, pèsan sof Jozèf pou kont li, lè te fè frè l yo konnen l. Tout moun konprann sa kounye a?

150 Li te voye...Menm madanm li te nan palè a, tip ke Lepouz la pral nan palè a nan laglwa nan moman sa a. Apre sa Jezi fè jwif yo konnen L (Ou wè?) apre seremoni maryaj la, twa lane edmi yo, ak—ak—ak pwoblèm Jakòb la, twazan edmi sa a, nan fen swasanndizyèm semèn Danyèl lan. Mesi a pral retranche nan mitan an... Epi li te pwofetize pandan twazan edmi epi yo te elimine L. Answit gen twazan edmi ki rete ankò pou pwofèt yo, Moyiz ak Eli, e apre nan fen swasanndis jou yo ki poko detèmine sou pèp la, jan Danyèl te di a. Alòs nan fen swasanndis jou sa yo, Jezi gen pou fè yo konnen L. Li se Prens sa a ki ta dwe vin pou jwif yo. Ou wè?

151 Kounye a, e kidonk nan moman sa a...Ou wè, Lepouz Nasyon yo twouve l nan Syèl la, epi vyèj k ap dòmi yo, vyèj Lòt nasyon yo, p ap sove pandan tan sa a; li te deja sove, men li te egzante pou al nan Lepouz la . Epi li sèlman ale nan Peryòd Tribilasyon an pou tan pirifikasyon l lan, paske li te rejte Kris la, Pawòl la, pou pirifikasyonl. Konsa li dwe souffri pou zèv li yo, men Lepouz la ki te vin Pawòl la, yon ekspyasyon konplè te fèt nan Kris la, paske Li se Pawòl la. Kò sa a te dechire, epi lè kò sa a te dechire, Lepouz la te nan kò sa a, paske l te kesyon de tout Pawòl la! Amèn! Ou wè li?

152 Lè Jezi te souffri nan kò sa a, li te souffri...Paske yon gason ak yon fanm fè yon sèl moun. Yo te retire Èv nan Adan, epi Legliz la... Kisa k te pase? Bondye te louvri bò kote Adan epi li te pran yon konpayon pou ede l, Lepouz la. Epi Bondye te louvri bò kote Jezi a sou bwa kalvè a epi li te retire Lepouz la. Ou wè? Epi lè Jezi te mouri sou kalvè a... Sonje byen, Lepouz la pa t retire nan kò a jiskaske kò a te mouri. Li te gentan mouri, yo ta pral kase janm li. Men pwofèt la te di: "Pa gen yon sèl zo L kap kase." Konsa, yo rale mato a pou kase yon janm, epi yon nonm te vin ak yon lans, li rantre l' nan kè L. Epi dlo ak San te soti; Li te deja mouri. Li te deja rachte nan kò a pa lanmò Li, kidonk pa gen okenn peryòd tribilasyon souffrans ankò pou

Lepouz la. Ou wè? Li antre. Men legliz Nasyon yo ki jis kwè nan Li epi ki pran kredo denominasyon yo elatriye, epi toujou...

153 Tankou pòv moun sa a te di: "Mari m ak pitit gason m, yo toujou renmen bagay sa yo ki nan monn nan ak bagay sa yo..." Ou wè, yo pa t aksepte redanmsyon sa a, paske lè w fè sa, li netwaye w otomatikman. "Moun ki fèt nan Bondye pa fè peche." Pa gen okenn dezi, anyen nan li pou bagay nan mond sa yo.

154 Jezi te di: "Moun ki renmen mond lan (Kosmos kounye a), oswa bagay ki nan mond nan, lanmou Bondye pa menm nan li." Li pa annamou ak mesye marie l. Ou wè? Poutèt sa, li dwe peye penalite sa a, e non...Li pa t sove nan peryòd sa a; li chape kounye a anba lanmò etènèl; men li pral oblije ale nan Peryòd Tribilasyon an pou pirifikasyon an. Ou wè sa m vle di a? Bon, kounye a, la a, mwen kwè ke sa regle kesyon sa a.

155 Ann gade, gen yon lòt bagay la a. **Tanpri eksplike, paske w te di ke ta gen jis yon ti kantite ki pral nan anlèyman.** Sa a se sa sou tè a ki pral chanje. Jezi te di, " Pòt la kwense epi chemen an jis, men gen kèk moun ki pral jwenn li." E moun ki kwè nan Senyè a kounye a epi ki pa... pa fason w ap preche a (Yo pa oblije kwè sa a. Yo pa oblije kwè fason mwen preche l la. Ou wè? Yo pa oblije kwè sa.) ...pou mesaj dènye jou a. Èske yo pral sove?

156 Wi, si yo kwè Seyè a. Ou wè? Men si yo—si yo pa dakò epi ap di, "Mwen pa kwè Li se Pawòl la. Mwen pa kwè ke sa kòrèk. Mwen pa kwè nan batèm Sentespri," sa montre ki kote y ap dirije yo, nan Peryòd Tribilasyon an. Men sila yo ki ka aksepte Pawòl la nan plenitud Li, pa mwen menm k ap preche l, men poutèt Se Bib la ki di sa. Sila yo ki aksepte sa yo lib, paske yo...Pawòl la te deja jije.

157 Bon, èske yon Jij ki jis ka jije yon nonm de fwa pou nenpòt bagay la si penalite a te peye? Si m te nan mezon dafè a, epi ou vini e ou di, "M ap rebran l"; epi ou antre pou peye pri a pou redanmsyon mwen (sa se penalite sou mwen poutèt mwen te nan mezon dafè a), e ou peye pou redanmsyon m, alòs kouman mèt mezon dafè a ka fè reklame m ankò? Sof si yo te vann mwen ankò. Men ni. Kan m te rejte Plenitud Pawòl la, lè sa m ka retounen nan mezon dafè a ankò. Ou wè, ou wè? Alò mwen dwe batay pou m soti lè sa, si m kapab. Men Li te rachte m.

Dakò. M espere ke sa...Mwen--gen jis sitèlman isi a la ke m vle sa yo...[Espas vid sou bann lan--Editè a.]

248. ...sa se Twazyèm Pull la e se pwononse Pawòl la. Ta sanble tout bon li posibil pou w pwononse pawòl la epi moun lan ap konplètman e antyèman retabli, sa plase w an pozisyon konplètman pou Anlèvman nan rezirèksyon, Fis de lòm lan. Èske se sa, oswa se pa sa? E ou va fè sa si yo met presyon kòrèkteman sou ou, èske w ap fè sa? “Eskive tout bagay sa yo (gen yon ti pwèn la)--eskive tout bagay sa yo pou prezante w devan Fis de lòm lan”? (Lik 21:36)

158 Bon, chè zanmi mwen--mwen. Gade? Kounye a, m panse la ke ou--ou--ou gen yon--ou gen yon bon pwèn. Wi, mesye! Wi, mesye! Bon, sa te ka sa. Ou mande, “Frè Branham...” Nan lòt mo, men kisa mwen...Mwen pa kwè ke se...Mwen kapab...Mwen kwè ke mwen...Se pa pou ap bere sa w te di a, men mwen kwè ke m ka rann li on tijan pi klè pou moun yo. Ou wè? Ou kwè, poutèt Pawòl Pale ak bagay konsa ke Li Menm te deklare. E nou tout isi a nou te temwen ekirèy yo ak lòt bagay sa yo ki te fèt. Men èske nou te remake, ke sa te bay dapre Souvèntè! Mwen pa t janm mande L, “Seyè, pèmèt mwen fè sesi, pwononse bagay sa yo fason sa, fè bagay sa yo la.” Mwen pa t janm mande L sa. Se Li Menm ak Pwòp volonte Divin Li ki te vin kote m pou di, “Al fè sesi.” Ou wè? Mwen pa t mande anyen konsènan sa. Moyiz pa t janm mande pou al an Ejipt, men se te Bondye ki te voye l anba an Ejipt. Ou wè?

159 Kounye a, mwen kwè ke Sentespri a ka vin kote m pou di nan yon vizyon, “Al di *tèl-tèl* moun ke yo pa--ke y ap eseye venk yon bagay *kèlkonk*, e yo pa ka fè l (E yo konn fimen; yo konn bwè; yo konn bay manti, vòlè, oswa komèt adiltè, kèlkeswa sa l ka ye a; oswa yo gen yon espri konvwatiz.) Jis al kote yo ye a pou di, ‘Ou menm espri, soti la; mwen rann kaptif sa lib.’” Èske sa t ap rive? Absoliman! Wi, sèten, sa t ap rive absoliman; sa t ap rive. Men kounye a, apati de pwòp pretansyon pa m...Bon, prezime se...sa vle di “avantire san otorite.” Ou wè? Mwen desann la pou ede moun sa; mwen jis pretann ke sa pral kòrèk. Ou wè? Men mwen pa konnen; mwen ka envoke Non Seyè a sou yo; mwen ka priye pou yo, fè nenpòt sa m vle a.

160 Si m te gen pwòp fason pa m maten an...Mwen--mwen jis sot gen yon antrevi avèk ti dam sa nan chèz woulant sa. Pou l te vin nan reyinyon sa jodi a, yo te oblije jwenn sèvis ensandi

pou mennen l a leksteryè kay li nan Chicago; poutan moun k ap viv anfas yo p ap vin nan reyinyon an. Ou wè?

161 Kisa m te ka fè? Si se te nan pouvwa pa m...Se nan...Mwen gen otorite pou m fè l, men mwen oblije ret tann lòd pou fè l. Ou wè? Mwen resevwa otorite de Bondye pou fè sa; men kounye a, kan Li bay lòd la, manzè pral retounen lakay li geri. Ou wè? Mwen konnen se laverite. Ou wè? M te ka jis osi byen gen volonte ke m—m te kapab nan tout sans. Ou wè? Sa se laverite.

162 Men dabò, ou wè, tou sa sè ke...Pèsonn, menm Jezi Li Menm di, "Pitit La pa ka fè anyen pa Li Menm, ke sa Li wè Papa a fè, Pitit la fè l menm jan an." Nou konn sa. Sen Jan 5:19. Dakò. "Pitit la pa fè anyen pa Li Menm, ke sa Li wè Papa ap fè, Pitit la fè l menm jan an." Dakò.

249. Èske vizyon w te fè dè zane pase a konsènan gwo mirak sa ki dwe rive toupre Corydon, Indiana, te janm rive?

163 Mwen te gade nan liv mwen lè m te wè sa e m te mete yon pwen entèwogasyon. Bon, ta dwe gen yon moman ke mwen te...dwe obsève kote pyebwa sèd sa yo...Jis kote w kòmanse desann kolin lan la, sou lòt kote a, pou ap desann ale nan direksyon Corydon, apre ou fin kite somè kolin lan nan New Albany, m te oblige obsève pyebwa sèd sa yo pou wè yon tèrib aksidan ke m te ladann. E gras a Dye, mwen te chape l kan yon jenn tifi, t ap bwè yon boutèy wiski, te jwenn lanmò; gòj li te tranche drèt la ak boutèy li te gen nan bouch li a, yon jenn fi sèzan, e m te jis la nan moman sa. Ou wè? Bon, se petèt de sa w ap pale. Se sa m te li.

164 Epitou la, kan m te gen reyinyon sa kay Frè Beanblossom...Sa te ka sa. Sa te ka Georgie Carter. Ou wè? Sa se te yon lòt ki te rive la. E lè sa te gen kat oswa senk nan yo la...Mwen pa t wè anyen ke sa ki te rive. Si—si moun ki ekri sa jis re ekri l ankò pou raple m sa m te di pandan moman sa, alò m va byen gade l. Ou wè? Si w jis raple m kisa m te di, vizyon an...Paske m te remake nan vizyon an la bagay ke m te ekri nan liv la, epi kote la se la sa te rive konsa. M pa gen anyen ki ekri, dapre sa m konnen, ankenn bagay presi apa sa.

165 Apre sa gen yon lòt bagay; te gen konvèsyon Omar Price la anba la fwa sa kan l te konn ap kritike sitèlman kont mwen an. E nou konnen, li te vin nan tabènak la e li te batize lan Non Seyè Jezi. O, li te konbat mwen sitèlman sou sa; e m te konn rete avè l lanwit. M te jis kontinye renmen l, jis rete la kanmenm; men li te vini finalman, paske Seyè a te di m li t ap vini, kifè mwen--mwen jis te rete drèt avèk sa. Ou wè?

166 Menm bagay la avèk ti predikatè sa ki la dèyè do m isi a. M te desann Clarksville pou pale avè l yon fwa, m te pale pou li nan legliz Metodis sa, li te yon vrè Metodis depi nan tèt jouk nan pye, ou wè sa m vle di a. M te retounen anwo isi a; m te di, "Yon jou m gen pou m batize l lan Non Seyè Jezikri." E m te di; se Frè Neville!

250 Si se mal pou mwen pou--èske se mal pou mwen pou m ap jere yon--yon salon bote? Mwen se yon estetisyèn e m pa kwè nan Kretyèn k ap koupe cheve l, men m koupe pa lòt yo epi (mwen kwè sa se t-e-n-n, tenn, sa vle di chanje koulè, mwen kwè, èske se sa?) bay koulè tou.

167 Chè sè, mwen--mwen pa konn kisa pou m di w. Tande, m pa ka pale nan plas fanm yo konsènan sa, mete koulè nan cheve yo. M pa gen ankenn Ekriti kont sa; mwen ka rete sèlman avèk Lèzekriti. Ou wè? Lèzekriti pa di yo pa ka fè sa. Lèzekriti di li dwe gen cheve long, apa sa, mwen pa konn ki kote pou m ale. Ou wè? Mwen--mwen pa konn anyen konsènan sa.

168 Kounye a, yon ti minis ki prezan isi a kèkpa ke m konnen, yon bon zanmi m, nou t ap pale ansanm lòt jou nan Blue Boar la kan nou te òganize dine a. Li te di, "Madanm mwen on jan jennen pou vin devan w." Se yon ti dam trè sen, imakile, e li se yon--yon ti dam trè bèl, yon ti grann, epi...Men manzè vrèman, pwòp, de byen...Madanm mwen jis fou pou dam sa, epi--epi mwen kwè li se yon vrè dam tout bon. Manzè...m pa konn si l isit la; m panse li la. Mwen kwè mari li isit la. E li te di m; li te di, "Manzè te kite cheve l pouse apre l te tandè w preche e ke l te wè se te kòrèk, men," li te di, "l ap itilize koloran nan cheve l; e l ap eseye fè posib li pou fè tout koulè sa yo soti anvan l vin pwòch kote w ye."

169 Bon gade, chè Sè, mwen respekte sa anpil. Mwen onore yon fanm k ap fè sa. Pou yon fanm jis pou vini epi fikse cheve l nenpòt fason an, oswa krache sou pye w epi ap mache avèk

awogans san ankenn respè ditou, sonje, Jezi di, “Sa w fè tipiti sa yo, se a Mwen menm ou fè l.” Ou wè? Mwen respekte sa lakay ou, e Bondye va beni w pou sa.

170 Men, Sè, konsènan mete koulè nan cheve a oswa yon bagay konsa, m–m pa konnen. M–m pa ka apiye sa avèk Lèzekriti, konsa mwen...sa se jis ou menm. Ou wè? Ou menm, si w vle fè l, sa pafètman annòd avèk mwen. Dapre tout sa m konnen, legliz pa gen jan de koutim sa. Si w vle...Tou sa ki pa nan Bib sa, ebyen, ou jis...Sa se ou menm. Ou wè? Men m ap jis ba w konsèy pa m, ou wè, e dapre tout sa m te ka konnen...Ou konnen, se senpleman nati yon fanm pou l vle parèt bèl; li sipoze fason sa.

171 Ou konnen, nan tout vi ki egziste, mal la pi bèl, eksepte ras imen an. Pran nenpòt zwazo, bèf. Pran yon bann betay. Kiyès ki pi bèl, vye vach ak kòn tòdye l la oswa gwo towò a? Pran yon sèf; se kiyès, ti bich la oswa sèf mal la? Pran yon bann elan; kiyès ki pi bèl, mal la oswa femèl la? Orinyal la, pe enpòt sa w chwazi a. Pran l–pran l pami zwazo yo; pran l pami poul yo, se kòk la oswa manman poul la? Pran l pami zwazo yo, ti...gwo bèl kadinal la oswa ti poulèt ak pakèt tach yo, ki sou nich li pou ap chofe ze l yo? Ou wè? Tout bagay nan tout ras, se toujou–se mal la ki toujou pi bèl, men pou ras imen an se femèl la. Poukisa? Se li ki te lakoz chit la. Satan te chwazi l la menm, e bote soti nan dyab la. Ou wè?

172 Satan se te anj ki te pi bèl. Li te cheriben ki te siperyè a. Gade kouman fanm lan vin diferan kounye a konpare a sa l te konn abitye ye. Konbyen moun ki sonje Pearl, oswa, ki li sou Pearl Bryan? Fè nou wè men w, kèk lan nou moun ajè yo. Sèten. Ou wè? Li te sipoze pi bèl fanm an Amerik. Nenpòt ti adolesan k ap trennen nan lari a t ap de fwa pi bèl ke li kounye a. Poukisa? Se egzakteman sa Bib la di: “Kan pitit Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo ki te bèl...” Se te yon bann vakabon ki te lakoz delij la sou tè a, ki te mennen Bondye detwi tout ras imen an nèt. Ou wè? Se sa egzakteman. E jodi a tout bagay apiye sou Hollywood e–e bote ak bagay konsa, alòske bote se yon bagay sekre nan kè (ou wè?) pa aparans eksteryè. Kite yo pran swen tèt yo yo menm, pa avèk aparans eksteryè, men enteryè, avèk dousè, espri janti. Sa–sa se Kretyen an.

Kifè kounye a, konsènan kesyon w lan, Sè, mwen jis pa konn kisa pou m di w.

Bon, m ka rete drèt kounye a oubyen pran yon lòt trant minit la, e apre sa...Èske trant minit...? Konbyen moun ki ka rete yon lòt trant minit, e konsa sa va bannou on tikras plis tan aswè a? Ebyen, m ap depeche m byen vit la.

251. Frè Branham, èske 1 Timote1:9 vle di ke yon fanm pa ka trese cheve l? Èske cheve dekore vle di cheve “trese”?

173 Bon gade, Sè, kounye a sa...Mwen–mwen kontan ke se se sa ki vin apre. Mwen pa t janm aranje l la, men se jis–sa byen tonbe.

Remake, cheve trese nan tan sa te siy fanm lari; se sa l te konn fè, trese cheve l. E Pòl te di Kretyen yo, “Bon, zafè byen parèt sa, piga l fèt ak cheve trese...” (oubyen “cheve dekore” epi “très” se menm bagay la), pou trese cheve yo, paske sa te sanble ak rès mond lan.

174 Bon, nou pa sipoze sanble ak mond lan oswa aji tankou mond lan! Ou wè? Fanm lan te sipoze diferan la. Ou wè? Non, kounye a, trese cheve...Bon, jodi a cheve trese bèl, e se konplètman diferan de mòd mond lan. Bon, ou wè fanm yo, fason yo fè cheve yo jodi a...Jis gade cheve w nenpòt jan an; sèlman piga w sanble ak lemond! Ou wè? Piga w sanble oswa abiye tankou !! Si yo pote bout pantalon, ou menm mete yon wòb. Si yo–si yo fè cheve tout...koupe l nèt pou kale l, pou ap toujou fè yo...Ou menm–ou menm–ou menm jis kite pa w yo trankil. Ou wè?

175 E très la–pito trese a...Kesyon an se te: Èske “trese” vle di...dekore vle di “trese”? Wi, se sa. E kounye a, nan lari...

176 Bon, m te byen gade sa pou m te jwenn ke plizyè lane pase kisa “cheve trese” te vle di. Ou wè? Fanm, an reyelite, fanm ansyen tan yo, yo jis te konn tire cheve yo dèyè epi tache l, plis tankou modèl ke cheval jodi a. E yo te konn ap sikile toupitou...Yo te konn pote wòb konsa, men fanm lari a te konn pran cheve yo pou trese l toutotou tèt yo, epi vlope l toutotou konsa, epi mete flè ladann ak bagay konsa, se te on jan de–de move fanm lari; jis tankou nou te ka wè move fanm lari jodi a, nan fason li abiye. Mwen itilize move fanm lari, paske ou konnen m se yon vye ti granmoun; kifè se konsa yo te konn rele yo nan tan pa m. Se kijan yo

rele yo jodi a? Mwen...O lala, m pa konnen. *Ti poulèt* oswa yon lòt bagay konsa. Kidonk...Kèlkeswa sa l ye a. Ba yo nenpòt jan de non, yo renmen sa.

252. Frè Branham, ou di nan youn nan bann yo ke Noye te sove fwaye li. Èske sa vle di yon manman ka gen menm fwa a pou fwaye li? E èske sa vle di ke chak moun nan fanmi an ap sove si nou kwè sa?

177 Bon, sa se...ya, se on jan de...Ou ta dwe siveye fason m ap reponn sa kounye a. Ou wè? Premyèman, "Ou di...(Bon, kite m gade sa.) Ou di nan youn nan bann ou yo ke Noye te sove fwaye l." Poukisa? Paske yo te kwè. Se tou, paske yo te kwè mesaj li a.

178 "Èske sa vle di ke yon manman ka gen menm fwa a pou fwaye li?" Wi, Sè! M ka wè kè yon ti manman k ap kriye pou moun li yo. "E èske sa vle di ke chak moun nan fanmi an ap sove si nou kwè sa?" Wi, si yo aksepte l. Se kòrèk.

179 "Sonje gadyen prizon Filipyen an. Kwè alafwa pou ou...Si w gen ase fwa pou pwòp sali pa w, èske w pa ka gen menm fwa sa ki va fonksyone sou moun ou yo? Kisa lafwa ye? Se yon fòs envizib. Ou wè? Se kisa—se kisa—se yon Espri. Sentespri a mennen lafwa. Ou wè? Se yon fòs envizib.

180 Poukisa m t ap poze men sou malad? Ou wè? Si m ka etabli kontak pèsonèl sa avèk espri sa nan moun sa la, gen yon bagay ki pral rive. Ou wè? Men Sentespri a la; L ap revele sekre kè. L ap fè egzakteman sa L te di Li t ap fè nan dènye jou a. Moun yo kwè sa; y ap gade l, "Wi, mesye, mwen kwè sa."

181 Bon, si m pa vin senpleman twò banal pou ou (ou wè?) pou jis vin on bagay banal. On jou ou sèvi avè l epi ou sèvi avè l jou apre a. Ou wè? Sa—sa se jis pran yon chans. Ou pa kwè l pou kòmanse (ou wè?), paske senpleman osito ke w kwè l...Fanm sa te di, "Si m ka touche rad Li, m ap geri," e li te di sa. Ou wè? Li pa t di, "Kite m eseye sa ankò." Ou wè? Li te kwè l. Ou wè? Se—se...

182 Bon, si w ap jis kwè avèk tout sa ki nan ou pou fanmi w...

183 Kounye a, tankou isit la, kisa ki motive m? Kisa–kisa fòs mwen gen nan bra m nan ye? Se sèten se pa misk mwen yo, se espri m. Sètènman, retire espri sa, kisa misk sa pral fè? Li mouri otan ke posib. Ou wè? L ap pouri, men se...Ou wè, se espri a ki bay fòs.

184 Gade vyep ti Samson. Anpil nan yo te wè pòtay yo tankou se ta de kolòn sa yo la. Enben, yon nonm grandè sa te ka pran yon lyon pou dechire l an pyès, Frè Jackson. Yon lyon ki sote sou yon nonm konsa avèk pòtay...ak zèpòl li tankou pòtay yon etab, enben se sèten, sa pa t ap yon mistè; men mistè a se te ke, li te jis yon vyep ti bonòm, ak cheve boukle tankou krevèt, apeprè, yon ti fifi, yon ti gason manman, ak sèt trèz boukle tankou yon ti fifi pandye sou do l. Men remake, li te jis pa t anyen jiskaske Espri Seyè a te vin sou li. E kan Espri Seyè a vin sou li, lyon sa te soti epi li te kriye, li jis te dechire l an pyès. Se pa t Samson; se te Espri Seyè a.

185 Bon, kijan l fè pral pran zo machwè yon milèt, ki te etann nan dezè sa tou blanchi...Ak kask Filisten yo ki te apeprè yon pous eren solid epè. Ebyen, ou pran zo machwè sa pou frape l kont youn nan kask sa yo, li t ap pati fè mil moso. Ou konn sa. Yo t ap frape vye zo machwè sèk sa...Men gade la, li te kanpe la ak zo machwè sa nan men l pou l te bat mil Filisten; rès yo te kouri al kache dèyè wòch. Li te di, “Annou wè, nou vle pa nou tou?” Toujou–li te toujou kenbe l! Kisa sa te ye? Espri Seyè a te vin sou li. Ou wè?

186 Kidonk, Se Espri Seyè a. E kan w gen Espri Seyè a nan ou pou kwè pou pwòp sali w, plase sa sou fanmi w. Di, “mwen reklame yo lan Non Jezikri; mwen reklame sa! Bondye, m pa konn kijan Ou pral fè l fè sa, men mwen kwè l. Mwen kwè l, Seyè! Ede enkredilite mwen.” Reklame sa epi obsève sa k ap rive. Sa ap fè l.

253. Èske Lepouz–èske Lepouz anvan Jezi vini, èske L ap gen tout pouvwa Sentespri a pou akonpli mirak, resisite mò, e latriye menm jan avèk lapli aryè sezon an–oswa èske sa se lapli aryè sezon pou san karann kat mil Jwif yo? Èske tout minis yo ap gen sa, èske nou, oswa, èske nou jis ap tann vini an?

187 Wi. Ou wè, zanmi, mwen–mwen–mwen pa yon teyolojiyen. Mwen pa yon teyolojiyen; kidonk, mwen oblije anseye tout sa m konnen konsènan Bib la apati de lonbraj ak tip yo. Nou rele m yon jan de tipolojis. Men si m ka gade sou miray sa, e mwen pa t janm te konn wè tèt mwen; epi m gade, e mwen ka wè ke m gen yon tèt, ak zòrèy, ak men, ak...Mwen konn kichòy

konsènan a kisa m ap sanble si m ta janm wè tèt mwen. Ou wè? Si m wè reflè mwen nan yon glas, mwen konnen a kisa m t ap sanble si m ka kanpe a distans pou m ap gade tèt mwen.

188 Kounye a, sa se fason mwen panse de Bib la. “Tout bagay sa yo,” Women 26 di, “te rive pou sèvi nou egzanp.” Nou ka gade dèyè pou wè kisa sa te ye, tankou lalin lan k ap reflekte solèy la. Nou konn kisa solèy la ap ye, si jamè nou wè solèy la, lè, nou ka wè lalin lan, epi wè ke sa pral pi gran ke sa a. Ebyen, lè w wè sa k te rive nan Ansyen Testaman, se jis yon reflè de sa k rive lan Nouvo a.

189 Bon, la, mwen kwè ak tout kè m mwen...nou, oswa nan moman sa...Si nou pa, yon moun dwe; sa oblije. Tan an ap file; nou nan lafen!

190 Chak...Mond lan...Bondye te fè mond lan an sis mil an, e setyèm mil an an Li te repoze. Li te di ke yon nonm p ap janm viv peryòd tan sa, yon–yon lane, ou pito–ou pito, yon jou: “lejou w manje , jou sa w ap mouri.” Adan, ou pito, Metischela te moun ki te janm viv pi lontan nan Bib la, e li te viv nèfsan swasant nèvan; li pa t janm viv mil an sa. Men moun ki pral viv nan Milenyòm lan, se ap mil an, pou montre ke penalite sa–sa te peye...Lòm ap viv pou tout tan; zafè jou a fini; zafè tan an fini; yo nan letènite.

191 An pasan, mwen te resevwa sitèlman lèt sou mesaj mwen an sa fè de ou twa Dimanch pase sou–Sou *Kay K Ap Vini Pou Lepouz ak Lepou A*. Se sèten sa te make yon gòl kèkpa pou anpil ladan yo. Sa...Se te sa pou mwen tou. Mwen p ap janm bouke avè l.

192 Bon, remake. Sou sa (ou wè?), Abraham te wè...Bon, pandan Li t ap trete avèk Abraham, menm jan an Li fè l avèk semans li. Bon, youn nan jou sa yo kan m va retounen, mwen vle pran sa on ti jan pi pwofon pou montre w egzakteman estasyon vi Abraham yo. Se egzakteman sa avèk Litè, Wesle, ap desann jouk isi a, jis egzakteman jan L te trete avèk legliz yo tankou L te fè l avèk Abraham; fason Li te parèt; jan la kan L te konfime alyans lan pou li anba san vèsè a, se te aj Filadèlfi a. Wi, mesye, se te aj san an, Litè...aj Wesleyen an.

193 Men apre sa obsève aj Pannkot la. Apre L te vini la, Li te fè pwomès *El Shaddai* la, “nouri w apati de tete Mwen.” Kesyon an se: Èske w ka nouri w? Sa te vin devan Pannkotis yo. Ou

wè? Èske w ka nourri w? Men yo pa t fè l; yo te ponyen yon–yon tete denominasyon kote yo te soti a. Men apre sa Semans lan, vrè Semans lan, te vini pou nourri apati de tete sa.

194 E kisa ki te dènye siy yo te genyen, anvan pitit ki te pwomèt la ke yo t ap tann pandan tout ane sa yo, kan Li te retounen? Èske Bondye te kanpe sou fòm yon Nonm pou ap disène panse ki te nan kè Sara (Sara ki te Legliz, ki te reprezante Legliz), ap disène panse ki nan Legliz ki te menm apre Li. Èske se vre? E imedyatman apre sa, manzè te chanje retounen yon jenn fanm e li menm yon jennòm; e Izarak te vin sou sèn lan, pitit ki te pwomèt la.

195 Mwen kwè w ap gade dènye bagay ki pral rive Legliz anvan Anlèvman an. Se sa egzakteman. Mwen kwè sa. Lapli a fini. Jis li twa premye chapit Apokalips e ou va wè kisa ki te pwomèt pou Legliz. Se sa a ki te pwomèt, pou Legliz, drèt la, aj legliz yo.

196 Ou te remake lòt jou kan nou te kòmanse Twonpèt sa yo, Sentespri a te di, “Sa pa t pou isi a.” Ou wè, ou wè?

197 Kounye a, lapli aryè sezon, san karann kat mil Jwif, non, se pa sa...sa...yo p ap...sa—sa se kan Eli ak Moyiz...Se kote mirak yo fèt. Bagay ke moun yo t ap tann lan, La Pannkot, pou mirak, se la ke sa va rive konsènan sa, anba ministè yo. Ou wè, se ministè Eli ak Moyiz. Yo te frape tè a ak malediksyon chak fwa yo vle; yo fèmen syèl la pou pa t gen lapli pandan jou pwofesi yo. Bondye ap kanpe epi konbat pou yo jan L te fè l la, e L ap fè yo soti ak yon bra pwisan jis egzakteman tankou L te fè an Ejipt (ou wè?), soti kite “ism” sa yo nan mond lan. E Li va fè sa, men sa se pa...

198 Nou jis ap tann Vini Seyè a. Jis ap tann; gade lanp ou netwaye, byen ranpli nèt ak lwil. Priye tout bon chak lè k sonnen, pa chak jou, chak lè k sonnen. Jis kontinye prè, rete dou, ap veye.

O, n ap veye vini jou bèl Milenyòm sa,

Kan Sovè beni nou an va vini pou pran Lepouz Li ki

Ap tann;

O mwen—o, kè mwen ranpli ak anlèvman pandan m ap travay, m ap veye, m ap priye,

Paske Seyè nou an ap retounen sou tè a ankò.

Se tou; se espwa Legliz tan sa.

254. Èske Non “Jezikri” a kòrèk pou batèm, oswa èske sa oblije fèt lan Non “Seyè Jezikri”?

199 Nenpòt ladan yo. Mwen fè l avèk *Seyè Jezikri* (ou wè?) paske mwen kwè Li se Seyè nou. Bon, jis *Non Jezi* a, tankou kèk nan frè nou yo batize, mwen–mwen diferan la (ou wè?), paske m konnen m gen anpil zanmi yo rele Jezi, anpil–anpil zanmi predikatè o Mexique, epi–epi Italie, e latriye. Yo rele yo *Jezi*, kifè *Jezi* pa sifi. Li te ne Kris Sovè a, menm jan Li te ne Sovè a, Kris, wen an. E uit jou pita yo te ba L non *Jezi* a. Ou wè? Alò Li te Seyè Jezikri. Se sa L te ye. Dakò.

255. Frè Branham, èske Seyè a ap pèmèt ou enstwi nou sou kesyon maryaj ak divòs nan moman sa? Kesyon: Èske yon nonm ka marye ak yon fanm epi divòse l pou marye ak yon lòt apre sa? Si toulède marye ak yon lòt, èske yo toude komèt adiltè? Ou te mansyone ke sa t ap abouti a semans sèpan an. Kòman sa?

200 Bon, men–men youn nan kesyon ki pi sansib nou genyen nan pakèt sa yo, e se kesyon yo plis poze nan mond lan–mond lan jodi a. Kounye a, tandè m byen, e mwen gen yon rezon pou sa. Si m ta vrèman pote bay legliz sa sou bann maten sa, bagay kòrèk konsènan maryaj ak divòs , sa t ap divize chak legliz nan peyi a, si yo t a tandè l. Ou wè? Se vre.

201 Bon, kifè ede m, men Bib la blayi devan m, mwen gen ENSI DI SEYÈ A sou kesyon sa! E toude kote ki ap agimante yo fo. Toude sila yo ki remarye ak moun ki te marye e latriye, yo toulède fo nan sa y ap fè a, men se nan mitan an ou jwenn Laverite, nan mitan wout la. Mwen pa vle...Mwen pral fè yon bann konsa si yon bagay rive m, alò frè yo ka jwe l pou legliz yo apre m fin al fè wout mwen (ou wè?). Men mwen–mwen vle fè yon bann sou sa pou jis montre w kote sa rive; men jiskaske m va santi Seyè a kondui m, mwen p ap di anyen konsènan sa. Men m santi konsènan bagay sa yo ke mwen dwe gen konduit Seyè a; sinon, m ap fè plis domaj olye de byen. Ou wè?

202 Bon, m vle w remake sa. Kesyon: “Èske yon nonm ka marye ak yon fanm epi divòse l pou al marye ak yon lòt apre sa; e si toude marye ak yon lòt, èske yo toulède komèt adiltè?” La, zanmi mwen, mwen pa vle blese santiman w, men se Laverite. Jezi di, “Nenpòt moun ki marye yon fanm ki repidyè komèt adiltè.” Ou wè? Mwen—mwen jis pa vle di l, men se Laverite.

203 “Ou te mansyone ke sa t ap abouti a semans sèpan an.” Ou wè? M pa sonje m te mansyone sa, men pwobableman mwen te fè sa kèkpa, m te di yon bagay konsènan sa.

204 Tankou lòt jou, m te gen yon bagay melanje, sa te bay ke m te tandè l, e se...mwen te sezi drèt la; e sa sou bann lan, e mwen—m ap tandè pale de sa pwobableman. Se lè mwen t ap pale de Sèt Twonpèt yo, mwen te di se te sèt twonpèt. Mwen t ap refere a fèt Pannkot la. Apati de fèt Pannkot la jiska sèt...jiska—Twonpèt yo, te gen sèt Saba. Te gen sèt Saba ant Fèt Pak ale nan Pannkot (ou wè?) sa ki bay senkant jou yo. Ou wè? Men a sa mwen t ap refere m lan, poutèt se te sa, mwen te di, “Sa vle di Sèt Aj Legliz yo.”

205 Sou bann sa, si sa ta bay ke ou jwenn li oswa yon bagay konsa, sou bann sa, sa ta dwe, ke setyèm mwa a apre sa te rive nan Fèt Twonpèt la—la, ki vle di Sèt Aj Legliz yo, sèt mwa yo, pa sèt Saba yo. Sèt Saba yo t al nan...Mwen te eksplike l la. Mwen te di ke sèt Saba yo, konsa, men apre sa m te kontinye ak menm panse a ankò, alòske se sèt mwa apre Fèt Pak la, oswa, Fèt Pannkot la—la, answit ou jwenn fèt apre jèb, ajite a, te entwodui. Ou jwenn alò—alò...Ou sonje la, jèb la te chanje pou vin yon pen apre lè sa. Ou wè? Kan jèb la—la...yon jèb, apre sa tout nèt te vin yon sèl pen. O, sa se yon gran ansèyman la; M pa t menm touche sa. Men si sa bay ke ou sezi sa sou bann ou an, sonje, konsilte Bib la. Ou wè, se sèt mwa apre sa. Retire sèt mwa: Janvyè, Fevriye, Mas, Avril, Me, Jen, ak Jiyè; sa t ap Jiyè, sèt mwa, ki reprezante tout Sèt Aj Legliz yo nèt. Yon minis ka sezi sa, pou ba ou l apre, ou wè, la. Dakò.

206 Bon, sou sa la, annou—annou—annou jis jan...Ou...Men kisa m di. Kite m di sa, se pa Seyè a, pèmèt mwen di sa. Si w marye nan moman sa, epi nou toude sove, e nou ranpli ak Sentepri, e nou renmen youn lòt, e nou gen timoun piti (kounye a, sonje sa se mwen, pa Seyè a. Ou wè?) kontinye viv ansanm; ke nou rejwi nou; paske ou pa t kab viv ak premye madanm ou an osinon ou pa t ap vle marye avèk sa kounye a. Apre sa si w kite sa aktyèl la pou retounen al jwenn premye a, ou fè pi mal ke premye fwa a. Ou wè? Konsa ou wè, nou

nan galimatcha; pa gen ankenn fason pou soti ladann. Ta ka gen yon sèl fason mwen ka wè dapre Bib la: sè ke nou toulède rete selibatè. Ou wè?

207 Bon, men...Se sèl fason mwen ka di pou kounye a, men gen yon lòt bagay la, ke mwen–mwen pa ka di w kounye a, e rezon an mwen di, “Pa mwen, men Seyè a, kontinye konsa.” Si jamè pral gen pou mete sa sou bann, e sa ap fèt yon jou, si jamè m gem pou abòde sa, sonje fason m te di sa. Si w te saj, ou te kab sezi l (ou wè?) nan fason m te di sa lè sa, e konsa ou te ka konnen.

256. Frè Branham, èske nou dwe ale nan lòt legliz yo menm lè yo pa dakò avèk ou?

208 Sèten, yep! Jezi te fè sa alòske yo pa t dakò avè L. Ale. Nou remake la, sa di, “Èske nou dwe ale nan lòt legliz ki pa dakò avè w?” Sèten, mwen pa...mwen pa sèl ti wòch sou plaj la, ou konprann. Gen–gen jis lòt moun san repwòch toupatou; mwen espere m se youn ladan yo. Ou wè? Men piga w janm rive la...

Òò [Asanble a di, “” ---Editè a.]

209 Yo te rele m sou yon bagay konsa lòt jou a. On-on gwoup nan Arizona te atire atansyon m sou sijè sa a. Wè? On gwoup minis tap di m: “Sèl bagay nou gen kont ou, Frè Branham, (youn nan bagay yo) se ke moun yo ki vin isit avè w , nou pa ka fè yo al legliz okenn kote.” Yo di: “Yo gen timoun e tou; yo pa vle al legliz.” E yo di: “Ebyen, nou di yo ke yo te byen vini-vini nan legliz nou.”

210 Kounye a, m konnen ke yo mete presyon sou nou e yo vle ke nou jwenn yo, men nou pa oblije fè sa; men mete timoun sa yo nan lekòl du Dimanch on kote! Epi oumenm ale legliz; pa chita lakay, ale lapèch, epi ale lachas, epi bagay konsa nan nan Dimanch.

Nou di: “Ebyen, m pa yon legalis.”

Ebyen, pito ou vin sa pandan on ti tan, ap dezonore rezireksyon Kris la. Ale legliz on kote!

211 Si mwen-si mwen... Si m pat ka gen... Si m te ale nan *kèk* legliz ke m konnen, ke gon sèl bagay ke moun sa yo di ke mwen kwè: yo di ke yo kwè ke Jezi te Fis de Dye a. Yo di l (mwen doute de sa), men mwen ta al tande yo di l. Petèt ke wap di... Sa se legliz sa a, petèt ke pwochen legliz la ap on bagay tankou Batis la. Yo di: "Wi, m kwè ke ou dwe gon eksperyans." Mwen-mwen tap dakò avè yo sou sa a. Alò m kwè ke Jezikrise Fis de Dye Li ye; m kwè ke ou dwe gon eksperyans. Trè byen.

212 Apresa petèt gen Asanble de Dye yo. Bon, yo kwè..Wè, mwen-bon mwen ka manje twa ou kat franch pen avèk yo (wè?), paske yo ka kwè...

213 Tankou lòt jou a, menm moun sa a te rele epi li te vle konnen apwopo de sa, epi l te di: "Ou di..." (Minis sa a lòt bò a, nèg sa a lòt bò a ki te vle pale de sa. Podyab frè a, li egare nèt.) Li di: "Ebyen, Frè Branham," wè, li di: "li kont ou, Asanble de Dye yo." E si yon minis Asanble de Dye ta vin pran bann sa a, m vle ou di mwen ki lè mwen te kont moun Asanble de Dye yo ou kont nenpòt lòt moun! Kijan fè, alò ke pwòp òganizasyon nou admèt ke mwen te voye nou twa ka milyon de pitit mwen yo ke mwen te mennen a Kris? Kijan mwen kont Asanble de Dye yo? Poukisa mwen ta kont Initè yo? Mwen pa kont Initè yo, Asanble de Dye yo, Legliz Bondye, ni kont pèsonn! Mwen kont tout sistèm ki separe lèzòm.

214 Gade, mwen voye bay Asanble yo, selon pwòp kalkil yo, twa ka milyon pwòp pitit mwen yo. Si yo si move, poukisa m fè sa? Poukisa? M panse ke, nan peyi a, se meyè kote pou voye yo, swa kote Initè yo oubyen... kèk ki gen kwayans Pannkotis la, paske yo kwè nan gerizon Divin; yo kwè nan sinatirèl la; yo kwè nan batèm Sentespri a. Se sa ki pi bon an... Mwen-mwen pa ka mennen yo tout isit la; yo tout kote nan lemonn. M gen zanmi tout kote nan lemonn, pitit ke mwen mennen a Kris. M ap voye nan sa ki pi bon... Èske nou pa janm tande mwen lè map fè apèl sou lòtèl la? Mwen di... Lè mwen fè yo monte epi ke yo sove, mwen di: "Kounye a, ale nan yon bon legliz Plen Evanjil la epi jwenn on legliz lakay ou." Konbyen ki janm tande m di sa? Evidaman, evidaman. Ebyen, poukisa mwen ta voye yo lòt bò a alò? Èske m ta yon ipokrit pou m voye pwòp pitit mwen yo nan lanmò? Ide sa a byen lwen mwen. Non, mesye!

215 Si w pa ka ale... Si w pa ka vin isit nan tabènak la, jwenn on legliz on kote; ale ladann. Ou pa oblije aksepte tout sa yo fè. Pati pen yo sèvi a, sèvi a pen sa a. Lè yo gen lay, ebyen, ou jis kite sa. Wè? Se vre. M pa ka fòse yo fè l, men se vre... Evidaman, ale legliz. Dè ke pòt legliz la louvri, kouri osi vit ke ou kapab. Si yo pa kwè, ebyen... Kounye a, ou pa oblije patisipe. Pa siyen avè yo, pa siyen ak okenn nan legliz sa yo; men ale vè yo; fratènize avè yo. Kijan w fè konnen se pa Seyè a? Li di ke L ap travay pou byen tout moun ki renmen L! E petèt ke gen yon nanm ki ta dwe sove andedan la a, e ou te ka pote Limyè a ba li. Wè? Ale lòt bò a. Pa vin awogan, ale dousman; e moun yo pral kòmanse di: "Sa a vrèman on fanm Kreyenn, on koup Kreyen; sa a vrèman on gason ou yon fi ki Kreyen. Oh, m ta renmen... Koumanman, yo vrèman aji tankou yo gon bagay." Wè? E ya di: "Kisa l ye?"

"Men li." Alò di yo. Men rete sale, se tou; e y ap swaf.

257. Byenneme Frè Branahm: Èske ou kwè ke siy dwe swiv tout sa yo ki gen Sentespri a?

Jezi di sa, Mak 16.

Si se sa, e moun yo ki kwè Mesaj la ak tout sa ki anndan yo, men yo pa gen siy sa yo? Èske se enkwayan yo ye oubyen èske yo bezwen Sentespri? Si se sa, tanpri enstwi nou jodia, kijan pou resevwa Sentespri a. Nou kwè ke ou se bouch Bondye pou epòk nou. Frè pa w.

216 Mèsi, frè m, ou konsidere m kòm frè ou-ou, e mwen panse ke se yon trè bon kesyon. Zanmi m, wi, yo on ti jan neglije l. M ta renmen pale de sa on ti kal pi lontan si m kapab. Wè? Yo neglije sa. Gade! Kèk nan nou... Wè? Lè, ou pa ka resevwa batèm Sentespri a san ou gon eksperyans lè sa rive... Kounye a, si ou kwè "chak ti mòso Pawòl la," se sa ou di... Ou di ou kwè chak ti mòso, alò Pawòl la la a, L ap tann ke Sentespri a mete L an pratik; men fòk chandèl la limen.

217 Men chandèl la avèk mèch la andedan l, e avèk tout grès la-la, e tout bagay ki dwe genyen nan chandèl sa a; men jiskaske dife a rive sou li, pap gen limyè. Pe enpòt jan chandèl la parfè, jan li pral boule parfètman e tou, li dwe limen, e apres lap boule. E lè ou kwè epi ke

ou fèt ak enstriksyon de sa Sentespri a ye, lanmou, la jwa, lapè, la pasyans, la bonte, fwi ke L pote yo, jiskaske Sentespri a desann epi limen chandèl sa a avèk on eksperyans entans, alò ou-ou... ou pa resevwa Sentespri a. Wè? Ou dwe gen eksperyans la pou gen Sentespri a.

258. M fè pati de yon sendika. Èske sa mal pou yon Kretyen? Pawòl la di: “Pa fè sèman-pa fè sèman.” Nou dwe fè sèman pou respekte konstitisyon sendika a. M pa patisipe aktivman depi ke m vin on Kretyen, men mwen toujou peye kotizasyon mwen.

259. Èske non Jida Eskariòt la te efase nan Liv Lavi Ayo a, oubyen èske li te nan Liv Lavi Ayo a?

218 Trè byen. Pou afè sendika a, mwen konnen ke nap travay...nou menm gason nou gen sendika e bagay ke nou... si nou vle travay, nou oblije fè pati de sa. Se egzakteman sa. Nou oblije fè sa. Men fè atansyon (wè?), paske rive yon lè, sa pral pase de travay a relijyon. Wè? Kounye a, jis sonje, se yon siy ke tout bagay pral sendike. Ou pa ka travay; yo pap kite w travay; ou son-ou son “moun kap ranplase on moun kap fè grè”, a mwens ke ou-a mwens ke ou fè pati de sendika a.

219 Kounye a sonje, nou menm jèn, sonje sa Frè Branham ap di. E pèmèt ke pawòl mwen yo grave avèk on estilo an fè nan on-on-on montay an asye! ENSI DI SEYÈ A, menm bagay sa a pral rive nan relijyon an. Wap fè pati de yon denominasyon konsa, sinon ou pap ka achte ni vann. Alò fè trè atansyon, Frè. Ke sa jis rete nan sendika. Fè atansyon; se yon avètisman!

220 “Èske non Jida Eskariòt te efase nan Liv Lavi Ayo a, oubyen èske l te janm ladan L?” Wi, li te ladan L epi li te efase. Wè? Paske nan Matye chapit 10, Jezi te rele Jida ak tout lòt yo, epi Li ba yo pouvwa kont move lespri. Yo soti ap chase demon, epi Jezi di: “Mwen menm wè Satan kap tonbe nan Syèl la.” Pa vre? Epi yo tounen, tout disip sa yo ansanm, epi yo tap rejwi; e Li di: “Pa rejwi ke...demon yo soumi devan nou, men rejwi tèt ou ke non w ekri nan Liv Lavi a.” Wè? Se vre. E Jida te avèk yo! Wè?

221 Alò sonje, nan Jijman an, gade, nan Syèj Jijman an: “Jijman an te chita; liv yo te louvri; e yon lòt Liv te louvri, ki te Liv Lavi a, e chak moun te jije konsa.”

222 Alò, vwala, sou kesyon talè a. Wè? Nan Syèj Jijman an. Jezi, Legliz la, Epouz la, te anlve, te monte nan Laglwa, epi li te anlè a epi I te marye, epi li te retounen sou latè a, epi I te viv mil ane. A la fen mil ane yo, Satan te libere de prizon li, kote yon Zanj te mare I avèk on chèn, pa yon chèn an bwa, men on chèn sikonstans; tout sijè I yo te an lanfè. Tout ki te resisite sou latè a, te rachte e Jezi avè yo. Li pat ka aji sou anyen; men a la fen mil ane yo, dezyèm rezirèksyon an... “Benediksyon pou moun kap patisipe nan premie rezirèksyon an, dezyèm rezirèksyon a pap gen pouvwa sou yo.”

223 Kounye a remake, nan dezyèm rezirèksyon sa a, lè yo retounen, alò Satan libere de prizon li pou yon ti tan; epi jijman an etabli. Kounye a gade, Jezi avèk Epouz la, kòm Wa ak Rèn, chita sou twòn lan, pou Jijman Twòn Blan an; e liv yo te louvri, liv pechè yo. E yon lòt Liv te louvri, ki te Liv Lavi a; e chak moun te jije konsa pa Epouz la. “Èske nou pa konnen (ap pote ti bagay sa yo devan lalwa), èske nou pa konnen ke sen yo pral jije latè a?” Wè, wè? Trè byen.

260. Tanpri, èske ou ka eksplike kiyès ki gwoup Apokalips 20.4 la? Èske yo se yon pati de Epouz du pase oubyen de lavni a?

224 Yo se Epouz la an antye, alafwa du pase e de lavni. Yo se Epouz la an antye, paske y ap viv nan Mileniyòm lan. Trè byen.

261. Èske w kapab tanpri (Ebyen, se egzakteman menm kesyon an)... Apokalips 20:4, èske se nanm moun yo te koupe tèt yo poutèt temwayaj Kris, epi ki te refize adore bèt la epi ki pat resevwa mak sou (Oh, kounye a mwen wè sa yo vle di. Yo fèk ban m sa a, fèk ban mwen l.)... etandone ke yo di ke yo viv epi yo reye avèk Kris pandan mil ane? Alò li pa klè, poutèt pèsekisyon Epouz la, men kiy li te ka ye ankò pou reye avèk Kris pandan mil ane? Èske yo-yo...Èske se ta 144 000?

Non, non!Yo se Epouz la. Kounye a, sonje, sonje, yo..

225 Nou di: “Alò ke yo te koupe tèt yo poutèt temwayaj la...” Kounye a, nou di: “Poutèt... yo pa adore bèt la...” Evidaman! Nou di: “Bèt la gen pou I vini.”

226 Bèt la te toujou la; se bèt la ki te bay yo kòm manje, lontan, nan twou lyon yo, te bay yo kòm manje, lontan, nan arèn sa a lòt bò a a Wòm. Sa se te antikris la; sa se te bèt la egzakteman la a, ki te etabli yon fòm de relijyon. Kaziman, prèske yon modèl. Legliz Women an te soti dirèkteman de Bib la, epi apre... Sa yo fè la a, yo òganize bagay la epi yo fè yon enstitisyon epi yo fè yon-yon legliz inivèsèl, e tout sa yo ki pat vle koube devan li te dwe kraze. Wè? Se te konsa.

227 E tout sa yo ki te fè pati de Kò a epòk sa a... Kounye a, Kò a grandi tankou yon pyebwa jiskaske L rive a Tèt la. Wè? Epi tout, toude mati, pèsekite, e ensidwit...

228 Men Jezi ban nou lapè kote flèv sa a, menm jan L fè pou tribi yo ki... lòt bò a (wè?) ki pat travèse. Bon.

262. Kisa m ka fè pou li? Èske m ta dwe kontinye (Oh!) pran swen Papa m nan fèm lan? Kisa m ka fè... fè vi w...? Epi li siyen non l.

Wi, frè m... Li-li make la a. M pa konn kiyès... Li di: "Frè Branham..." Li jis kòmanse pa: "Kisa m ka fè pou li?"

229 Alò, se pwobableman on gason a pwopo de papa l. Gade, Frè byenneme mwen, ou beni lè w ap pran swen papa w, paske papa w te pran swen de ou lè ou pat ka pran swen tèt ou. E premye kòmandman an avèk on pwomès, premye kòmandman an avèk on pwomès: "Onore papa w ak manman w pou w ka viv lontan nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ba ou an." Wè? Wi, pran swen Papa w tout jan ou kapab. Veye pou l genyen tout sa ki pi bon.

263. Ou di ke Kayen te vini de semans sèpan an. Poukisa Èv di: "M jwenn on nonm nan men Seyè a"?

Men li. Pito m tann apre soupe pou sa a. Wi, m ap tann apre soupe pou sa a. Oh, sa pral pran on ti tan pou eksplike sa a. Trè byen.

264. Byenneme Frè Branham: Èske ou ka eksplike vèsè sa a pou mwen, Ezayi 2:2: "E pral rive on tan nan dènye jou yo, ke mòn Seyè a... nan mòn kay Seyè a

pral etabli sou tèt mòn yo, e lap kanpe byen wo nan mitan mòn yo; e tout nasyon yo pral vin sou li.”

230 Wi, mwen fè l, de Dimanch de sa. Wè? Kay Seyè a pral etabli sou tèt mòn yo, e tout nasyon yo pral vini sou li. Gwo... Si nou pa gen... Si nou gen bann lan sou *Kay k ap vini pou Epouz la e Epou a*, li eksplike l egzakteman konsa.

Oh lala! Pito m kanpe la kounye a, paske, oh lala, frè m, nou pap janm rive fè tout isi a. Whew!

265. Frè Branham, èske...(Annou wè sa sa ye.) Frè Branham, anpil kap swiv Mesaj ou kwè ke ou se Mesi a pou jou jodia. Èske se vre?

231 Non, mesye!

Di nou li klè, Frè Branham. Ou sanble ezite pou moun konnen w, e nou konnen ke avèk on ministè konsa ke Bondye ba ou, ou ta dwe idantifye nan Ekriti yo on kote.

266. Nimewo-nimewo 2: Ou di nou poukisa ou te ale Arizona premye fwa a. Ou di nou poukisa, epi sa rive, men ou pa di nou poukisa ou te tounen ankò.

232 Premyèman, m pa yon Mesi! Wè? *Mesi* a se Jezikri, men nou se “Ti Mesi,” nou tout. *Mesi*, *Mesi* vle di “Sa ki wen an.” epi an Li te abite kò plenitud Divinite a; epi an gen yon pati Lespri li sèlman ki abite, menm jan ak sa ki abite nan ou. M te resevwa yon don pou-pou-pou m konnen ti bagay epi pou m wè bagay a lavans. Sa fè ke mwen toujou frè nou. Wè? M pa yon...okenn Mesi; m se frè nou (wè?), jis on bèje twoupo a. E si m te di nou ke mwen se Mesi a, m tap on mantè. Wè? E m pa vle yon mantè.

233 “Kounye a, poukisa ou te ale Arizona premye fwa a?” Nou te konprann sa. M te ale nan Non Seyè a, paske yo te voye m lòt bò a apre yon vizyon. Mwen tounen on dezyèm fwa pou yon rezon. Jis kite sa trankil. M konnen poukisa m ale; m pa ka di tout bagay. Lè ou... dyab la pa konnen, li pa ka soti l nan kè m. si mwen eksprime l, alò li ka sezi l, men li pa ka... li pa ka pran l lè li nan kè m. Si mwen di: “Tann lè li rive!”... Jis sonje, kenbe bann sa a; m ale

Arizona pou yon rezon. Tanpri pran pasyans avè m. Wè? Jis fè sa m di nou fè (wè?); jis-jis fè sa m di nou fè. Wè?

267. Frè Branham, m gen kèk kesyon m ta renmen poze-poze w. M tande moun kap di ke ou konseye moun pou yo vann tout... (Pito m pa manyen sa a tou. Annou wè. Ebyen, li deja lè pou fini. Nou ka pran sa apre dine, men m-m ap reponn sa a oubyen eseye fè sa m kapab. M pa konnen; yo fèk lonje l ban mwen. Wè? Billy pote yon pòyèt ban mwen jis la-la a nan pòt la. Wè?) M tande moun kap di ke ou konseye moun pou vann tout kay yo epi swiv ou Arizona sinon-sinon yo pap nan Anlèyman an. Èske se vre?

234 Sa se manti. Wè? Uh-huh!

... oubyen èske nou ta dwe vann kay nou, ou èske ou janm di sa?

235 Non, mesye! M pa di sa! Menm ke, mwen konseye moun pa fè sa. Uh-huh! Sonje, sonje sonj "Junie" Jackson fwa sa a lè m te ale lòt bò a? "Junie" reve ke l te wè... Konbyen ki sonje sonj la, e kijan Seyè a te bay entèpretasyon an. Gwo mòn sa a, nou te kanpe sou li, epi vye lèt delave te gen la a; e m tap eseye entèprete sa, e m pat ka fè l. Epi mwen-mwen tap entèprete sa pou yo. Apre ke m te entèprete tout, ke m te entèprete tout sa, alò mwen lonje bra m epi mwen pran (nan sonj li kounye a) on sòt de, tankou, yon ba e m jis ouvri tèt mòn lan e m gade andedan l, e tout bagay te blan kòm nèj, tankou mab. Men pat gen anyen ki te ekri sou li, e mwen di: "Nou tout rete isit e veye sa, pandan ke m pral lòt bò a."

236 Epi "Junie"... Yo tout monte, tout frè yo, e yo tout tap gade sa... yo pat ka konprann; li di: "Ebyen, kisa w konnen? li pa menm ekri la a," men poutan li tap li sa ki andeyo l. "Poukisa l pa ekri andedan an? Nou pa ka konprann."

237 Epi Junior vire tounen pou l gade, epi li wè m kap file vè lwès, vè solèy kap kouche a, an pasan anlè tèt on mòn, epi yon lòt mòn, rapid, pandan pap vin... Epi apres a yo vire tounen pou gade epi yo wè ke m pati; epi on gwo gwoup nan yo pati direksyon sa a, epi yo te vle ale pa si epi fè sa, apre ke m te di yo pou yo rete la a. Rete la a, rete isit la; sa se plas la.

238 E apres, lè m te fè sa, alò, mwen pati jis konsa; epi on ti tan apre, Anj Seyè a parèt devan m, Li di: “Ale Arizona lòt bò a.” Mwen tandè eksplozyon an epi m ale lòt bò a, e kisa l te ye? Gason sa a fè egzakteman sonj sa a, e Seyè a bay egzakteman... Sonje, mwen di: “M pral lòt bò a pou on rezon.” Epi lè m al lòt bò a, se te mistè Sèt So yo, ki te sele andedan mòn Seyè sa a. M tounen touswit avèk ouvèti Sèt Sò a. Wè?

239 Non, ou pa ta dwe fè sa. Si w vle ale, sa se zafè w. Evidaman, mwen pa... Oh lala, m pa bezwen konnen kote w prale, men si w fè sa jis paske ou panse ke Lepouz la ap pati de la, ou twonpe w.

240 “M tandè sa tou... mwen (kite m...gon bagay mwen pa byen konprann la a. Annou wè.) ... Anlèyman an. Èske se vre oubyen èske nou dwe vann kay nou, ou èske ou te janm di sa?” Non, m pa janm di l. M pa janm. M toujou konseye moun pou rete kote ou ye epi kontinye mache jiskaske Jezi vini. Si m di nou plizyè fwa, kite bann sa a yon memoryal; kite jou sa a yon memoryal; kite pawòl mwen on memoryal; m pa janm, on sèl fwa, jamè di okenn moun, m pa janm fè adèpt, m pa janm eseye fè yon moun vini nan legliz sa a! M pa janm... Sou kesyon ke mwen di yo pou yo kite pwòp legliz yo epi vann byen yo e tou, Bondye konnen ke m toujou konseye moun pou rete dè Kreyen epi rete kote nou ye jiskaske Bondye rele nou. Tout moun konn sa. Rete la a! Men kounye a, pou m di moun yo... On moun di: “Ebyen, m vle al lòt bò a. M vle al viv...” Ale kote w vle ale; se trè byen. M pa bezwen konnen kote w prale; sa pa biznis mwen.

241 Men kounye a, pou panse ke... Wè, kisa l fè? Sa kòmanse yon sekt (wè?), apres m gen pwoblèm. Yo gon gwoup lòt bò a kounye a ki pral talè viv nan lacharite. E apres kisa ki pral pase? “Nou vin isit pou Anlèyman Epouz la.” Se sa menm papye journal yo ap tann! Y ap tann moman an lè yo pral viv de charite epi yo pa ka tounen lakay yo. Alò kisa yo pral fè?

242 “Ebyen, nap swiv Frè Branham isit la. Li te sipoze...” E mwen osi inosan ke posib. Byenneme, moun de byen, yo-yo konnen ke m renmen yo, e menm nan erè yo. Epi yo...Ebyen, yo... mwen renmen yo kanmenm. Wè? M renmen yo; yo se pitit mwen; men yo jis pap tandè m, sa map eseye di yo. Map eseye ranje on bagay nan Non Seyè a, e yo pap kite m fè l. Wè? Anfèt yo pito kont mwen, ke avè m. Yo fè...

243 Èske m pa di nou ke si yon mesaj te preche, li tap isit la menm nan tabènak sa a; si m ta dwe fè yon bagay, m tap vin isit epi m tap di nou li an premye, dirèkteman depi tabènak sa a? Sa se pwomès pa m!

268. Epitou m tande pale de yon ansèyman ki soti, ke yon liv ke ou ekri gen plizyè ane de sa sou pen de vi... Yo entèprete l ke nou tout dwe avè w sinon nap rate Anlèyman an.

244 Ebyen, liv la pa gen rezon. Liv *Pen de Vi A*, m sonje sa kounye a. Se te pou nourri legliz la an jeneral, tout kote. Wè, pwoblèm lan se ke... Bon, kounye a, noumenm, nou byen solid, men bagay sa yo dwe rive. Sa a ap swiv tout reyinyon yo. La-la...

M tap li apwopo de Martin Luther isit la, sa pa fè lontan, m pap konpare nou avèk sa; men sa son refòm tou kòm jan l te ye a. Epi kesyon an-an se te... Istoryen yo-yo-yo, yo di: “Son bèl bagay pou panse ke Martin Luther te ka pwoteste kont legliz Katolik la epi chape sa. Sa se te yon bèl bagay, men,” yo di: “pi bèl bagay la sou Martin Luther se pat sa. Kouman l te rive gade tèt li anlè tout fanatizm la ki te swiv reyinyon l epi rete kanmenm fidèl a Pawòl la, apèl li...” Wè?

245 Non, mesye! Pa mete pwòp... Nenpòt nonm ou fanm ki ajoute kèlkeswa a sa mwen di, yo pa kwè sa map di. Yo pa kwè... Yo di... Yo...

269. Epitou sou fanmi sa yo ki te vann epi te demenaje al Sierra Vista, Arizona, kote yo te entèprete nan youn nan tit kasèt ou yo (jis on minit) “Ti Bethlehem”—“Ti Bethlehem,” anlèyman an pral rive nan Arizona. Èske ou te ba yo konsèy pou yo al la?

246 Sètènman m pa fè sa. Lè yo te ekri yon lèt sou sa, yon moun isi a nan Connecticut oswa on bagay, m te tounen reponn lèt lan epi m te di: “W ap fè pi move mouvman ou te janm fè nan vi w. Piga w fè yon bagay kon sa.” Ou wè, nou pa ka... Ebyen, nou jis sonje, noumenm moun yo...Bon, nou tout konnen ke m pap di moun sa yo pou yo fè sa; m ap di yo pou yo pa fè sa. Men nou wè, sa dwe swiv reyinyon an. Poukisa moun yo rele m *Mes?* Poukisa moun yo...? Yo gen eksi...Ebyen, yon kanmarad la a te montre m lòt jou an, li te gen yon ti bagay

epi li te ale—ap eksite, li te vle pou tout moun yo batize nan non mwen. Sa tap fè m yon antikris! Men m pa pou bagay sa yo, e nou tout konn sa. Men nou wè, sa te dwe... Sa sèlman idantifye vrè Mesaj lan.

247 Èske yo pat vin eseye di Jan, la—ki vin anvan premye vini Kris lan: “Èske ou pa Mesi a?”

Li te di: “Se pa Li m ye! M pa menm diy pou m desere soulye L. M pa menm diy pou m gade L.” Ou wè? Men li te di: “Sila ki vini apre m...”

270. Kounye a, Frè Branham, èske n ap rate on bagay? Moun sa yo pretann ke yo kwè chak pawòl ke w di se verite. (Men yo pa kwè! Yo pa kwè li. Pwòp aksyon yo pwouve ke yo pa kwè.) **Tanpri kite m konnen repons dirèk ou: wi oswa non** (Ou konprann li! Trè byen.) **sou bagay sa yo, epi si se vre, nou vle pare pou al jwen rès nan yo la a—rès nan yo. M remèsye anpi anpil pou repons nou pou kesyon sa yo, antan m ap tann pou m tande yo dimanch sa a, si Seyè an ta dwe tade.**

248 O la la! Ebyen, Frè, Sè, mwen—mwen espere yo te konprann sa (ou wè?) ke m pat fè sa, pa fè...Kounye a, si moun...O, sèten, si nou vle vin la a nan Arizona pou n viv...Epi kounye a, m ap soti nan Arizona petèt premye semès sa a. M ap dwe tounen isi a. M ap dwe...M—m vle rete la a; timoun yo pi an sante ak tout bagay. M—m vle rete la a on ti moman, epi m gen yon objektif. Sonje kounye a, sou kasèt la, ENSI DI LE SEYÈ, M gen yon objektif nan fè sa m ap fè an; nou konnen m genyen; men m pa ka di nou sa.

249 Poukisa m ap di nou pa vann kay nou? Nou pral vin rate kou nou, epi nou pral nan ti bout kout nan kòd lan. Pa fè sa. M pap rete Arizona sof pou on ti bout tan. Poukisa? M pa ka fè l kounye a.

250 Si m kite moun sa yo rete la a epi al mande lacharite, kisa k pral rive? Apresa, se jis egzaktman sa denominasyon yo ak tout sa yo ap cache. “Aha, m te di nou kisa ki te dèyè l, yon lòt lekòl pwofèt oswa on bagay!” Ou wè? Apa nou, se jis sa y ap cache! Apre tou, moun sa yo, mwen responsab pou yo; menmsi yo pa fè sa m te di yo fè, epi yo te fè egzaktman... Nou di: “Kite yo ale; yo—yo te fè sa ou te di yo pou yo pat fè!” Sa pa nan kè m. M toujou vle

ale pou yo. Yo se pitit mwen. M te ka ba yo on ti tap nan dèyè lè m fè yo tounen, men mwen—men mwen—se sèten m pral dèyè yo. Epi kijan m pral fè deyò la a?

251 Yo te di: “Nou vin swiv Pawòl la.” M pat menm gen yon legliz pou m voye yo la a. Jan de legliz ya prale ladann la a se menm kalite nou kite nan lòt plas, petèt pi mal. Ou wè? Epi yo pa prale legliz tout jan, e m pa gen legliz pou m preche ba yo. Alò mwen oblije moralman pran fè pitit mwen yo soti nan Arizona, kote...

252 M mande nou on bagay. M te preche plis pase trant mesaj nan legliz sa a ane pase. Epi pandan senk an, deyò, depi m te nan Arizona, m te preche plis nan legliz sa a nan yon sèl lane pase m te preche nan senk an nan nenpòt lòt moman (sètènman!), isi a nan legliz lan. Sa se baz lokal mwen; se katye jeneral mwen; se isi an ki kote nou enstale. Kounye a, kenbe sa nan lespri kèlkeswa sa ki pase. Kounye a, si nou saj, n ap kapte on bagay. Kèlkeswa sa k pase an, sa se katye jeneral nou, isi an menm! Epi kenbe sa nan lespri n epi tounen refere nan kasèt sa a yon jou, ke nou te tande m ap preche. Trè byen, sonje sa!

253 Si nou vle—si nou dwe pati epi vin legliz lan, piga nou soti la a pou jwenn li, paske m pa menm la a. M pa gen okenn plas pou m ale; m pa gen okenn plas pou m preche. Yo pap kite m preche nan legliz yo. M pa menm gen yon plas, epi m te pwomèt mesye an lè mwen vin la a... Yo tout vin pè ke m ta pral vin la a epi bati yon gwo bildin—vide legliz yo. Men se pa objektif mwen nan lavi. Ou wè? M—m fè moun yo sove. Sa depann de yo. Tankou Samariten an desann epi te mennen nonm lan nan obèj la, apres a kite yo pran swen tèt yo apati de la a. M pa isi a pou m kraze legliz, mwen isi a pou fè konvèti nan Kris! Ou wè? E sa fè yo mal konprann mwen nan mitan moun yo (ou wè?) lè—lè y ap entèprete pwòp fason pa yo epi yo pa—epi—ap di kisa m ap di. Ou wè?

254 Èske nou pa sonje vizyon an? Konbyen moun ki sonje sonj Junior Jackson lan? Epi yo tout swiv li jis egzakteman. Kisa l te ye? Ret isi a jouk m ale laba a! Ou wè? Epi jwenn entèpretasyon an epi tounen.

255 Kounye a, m gen yon lòt bagay sou kè m ke Seyè an te avèti m pou m fè, yon bagay ki pou fèt konsènan tabènak sa a, e legliz sa a; alò m dwe ale lòt bò a ou kèk kote pou on ti tan. Se pou on rezon, on gwo rezon, on rezon ke ou pa konnen ditou. Men sonje, m pa jis ap

kouri a dwat a goch, paske se tankou m ap fè sa. Map travay nan volonte Seyè a, pou otan ke m konnen kijan pou m travay ladann. Wè? Se poutèt sa si w kwè sa mwen di, alò fè sa mwen di nou (wè?), alò tande mwen epi kwè m antan ke frè w. Si w kwè ke m son pwofèt, pa mal entèprete pawòl mwen yo!

256 Si gen yon bagay, kidonk ede m, si gen yon bagay ke nou ta dwe konnen ke Bondye ta di m, Bondye konnen m tap di nou jis egzaktman! E pa ajoute nan li oswa retire nan li; jis fè l jis fason mwen di l la (ou wè?), paske m ap di nou sot nan kè m sa m pi byen konnen an. Ou wè? Nou jis kwè sa. Jis—jis pran jis—jis sa m di sou li a, epi jis kite l ale kon sa. Trè byen.

257 Kidonk kounye a, m dwe mennen timoun sa yo tounen isi a pou on bagay pou manje. Yo anba la a nan dezè an ap mouri grangou.

258 Yon minis te vin jwenn mwen lòt jou an, te di: “Frè Branham, y ap pran kilt ki pi tèrib lan anba la ke w te janm wè.” Te di: “Chak grenn nan yo, chak maten, yo soti; epi yo te di yo pa pral travay, li twò pre anlèyman an.” Yo pa pral travay. Ebyen, sa jis montre nou pa menm konprann. Ou wè? Egzak. (Kasèt sa a pral desann la a!) Kidonk, wi, mesye! Nou ta dwe, pran yon leson nan founi an, Bib lan di, nou konnen. Si yo pa travay, yo pa manje. Kidonk sa—sa egzaktman vre.

Men—isi a, te fèk pran yon lòt nan sa yo.

271. **Èske...**(M pa konnen. Ou wè, se jis kèk—li diferan—li yon ekriti diferan de lòt sa a. Jis pou montre nou, m panse gen apeprè uit oswa dis nan sa yo anndan la a. Ou wè?)
Èske legliz ki pi—ki pi pafè an pral nan Tucson, Arizona? M vle nan volonte pafèt Bondye. Èske nou dwe demenaje nan Tucson?

259 Se pa lòt—lòt ekriti an ditou. Se...mwen...Jis gade bò isi a; m ap jis montre nou konbyen ki gen sou grenn kesyon sa a. M pa...M—m pa ka jwenn yo, m sipoze. Men—men...M genyen kèk ki make isi a: “M ap fè nou konnen.”

272. **Frè Branham: Tanpri...**(Ann wè.) **Kòm m konnen ou se yon pwofèt, epi lè ke n ap viv lan, èske—epi pwofèt pou lè n ap viv lan (Se sa l ye.), èske gen yon tan kap**

vini lè pèp Bondye ap dwe vwayaje al Arizona avè w? Si se sa, èske w ap kite nou konnen lè moman an rive?

260 Sèten m ap fè l. M ap di nou. M ap di nou. Kounye a ou wè, gen de ekriti diferan, de moun diferan. Ou wè? Gen yon ekriti, epi gen yon lòt. Ou wè? Se sa sa dwe ye, sa ki nan lespri legliz lan. Ou wè? Ebyen, ann jis regle sa. Ann wè si m te ka jwenn...Ann wè.

273. **Frè Branham...**(Gen yon lòt, diferan nèt.) **Frè Branham, kèk te konprann ou di nan mesaj ou de “Kay K ap Vini pou Lepouz ak Lepou an” te dwe (Non, sa a diferan.)—dwe de mil katsan kilomèt distans de tabènak lan—yon kare—mil san kilomèt nan chak direksyon** (Nan lòt mo, tabènak lan chita dwat nan mitan an ta dwe mil san chak direksyon—dwe de mil kat san kilomèt. Oh!)—**chak direksyon. Èske se vre? M viv andeyò de zòn sa a; èske m ta dwe demenaje anndan l? Oh.**

261 Non, Cheri, piga w fè sa. Gade! Kounye a, nou wè kijan sa fasil pou moun yo? Konbyen moun ki te isi a lè m te preche mesaj sa a? M te di ke lè m tap mezire Nouvèl Jerizalèm lan, ke li tap de mil kat san kilomèt kare. M te di li tap atenn apwoksativman de Maine rive Florida, epi nèfsan swasansenk kilomèt nan lwès Mississipi; sa tap fè de mil katsan kilomèt kare. M te di Vil lan, selon opinyon m, tap chita dwat sou tè kote pwofèt Abraham te chache Vil sa a, lè pap gen lanmè ankò. Bib lan te di pa tap gen lanmè ankò, ke apeprè twa ka nan tè an nan dlo. E pap gen lanmè ankò; kidonk se poutèt sa, se pap on twò gwo Vil kap chita nan yon plas kon sa. M kwè l ap chita nan ti plas sa a kote yo diskite tèlman anpil sou li, epi Bondye te fèt, la a nan Bethlehem. M kwè li tap dwat la a nan Palestine la a, kote l ap leve sot nan tè an la menm epi pou l mòn sa a.

262 Men, chè zanmi, sa pa gen anyen pou wè ak tabènak sa a. Ou wè? Abraham, Isaac, Jacob, Pòl, tout sen yo, yo te mouri nan tout mond lan, te boule, te neye, lyon manje yo, ak tout lòt bagay; epi yap vini sot nan chak fant, krevas, ak rakwen mond lan. M espere mwen la a. M pa konn ki kote m ap ye, men kèlkeswa kote l ye a, si m nan gwoup sa a, pa gen anyen ki ka anpeche pou m la a! Ou wè? Epi m pa gen pou m nan yon sèten plas. Sèl plas m dwe ye se nan Kris, paske sila yo ki nan Kris Bondye ap mennen yo avè L. Sa pa gade m ki kote l ye, L ap mennen...Antere m nan Jezi.

263 Gade pwofèt sa yo anvan la a. Yo te konnen nan sans literal la, kounye a, ke premye rezireksyon an, premis yo, tap nan Palestine. Abraham te achte yon plas, epi li—pa—epi li te antere Sarah. E li te anjandre Isaac. Isaac te antere bò kot papa I ak manman I. Isaac te anjandre Jacob; Jacob te mouri nan Izrayèl—nan Ejip, mennen tounen nan Palestine. Epi apre, Joseph te mouri tou anba la a. Epi yo te pote tounen zosman Joseph, paske li te di: “Fè...” te fè Joseph jire pou sa—Jacob, ke li pa tap antere I anba la a, men mennen I tounen nan tè pwomiz lan. Joseph te di: “Yon jou Seyè Bondye nou an ap vizite nou. Kite m—zosman m yo ale epi pou yo antere avèk papa m.” Epi yo te fè I, paske, etan pwofèt, yo te konprann ke premis rezireksyon yo tap nan Palestine.

264 Kounye a, Bib lan te di...E si nou rele m yon pwofèt, m pa di mwen sa; men si nou rele m sa, sonje, m ap di nou nan non yon pwofèt (ou wè?)—nan non yon pwofèt, rezireksyon an ak anlèyman ap jeneral toupatou nan lemonn antye! Sa pa enpòtan kote nou ye a, lè lè sa a rive, n ap anlve pou rankontre Li! Se tou! Pa gen anyen ki pral kanpe nou, sa pa enpòtan kote nou ye. Epi m sèlman espere ke m la a, youn nan yo. M jis sèlman konfyan epi gen lespwa nan Bondye ke m ap youn nan yo epi chak grenn nan nou ap nan—nan menm lan.

Kounye a, èske nou gen tan pou yon lòt? Alò li pral fèk (ou wè?)—fèk prèske inè.

274. Chè Frè Branham: Madanm mwen avè m nou te separe. L ap trennen m devan tribinal pou yon divòs. Li pa yon Kretyen, e mwen kwè Mesaj la epi vle I sove (Èske sa pa bèl? Sa se vrè lespri Kretyen. Ou wè?) epi kwè. Kisa m dwe fè? Nou gen de pitit gason tou. (Te siyen non yo.)

265 Frè, gade, kite m di w, li pral trennen w devan tribinal pou yon divòs; sa se Satan. Ou wè? Pa ta dwe fè sa, men si w se yon Kretyen epi pat fè anyen nan mond lan pou antrave madanm sa a, alò se Satan kap fè sa. Li sèlman ap eseye rache w.

266 Kounye a, si li se youn nan eli Bondye yo, I ap vin jwenn Li. Si se pa sa I ye, li pa merite pou enkyete pou li. Alò si sa fè...Si w enkyete I ap kraze sante w, epi se sa Satan vle fè. L ap travay, m konnen, sou ou. Kidonk ou jis remèt tout bagay lan bay Bondye epi ale dwat nan sèvi Bondye jis kontan otan w kapab. Bondye ap pran swe rès lan. “Tout sa Papa an ban Mwen ap vin jwenn mwen.” Mete w ajenou; m ap priye avè w oswa on bagay. M ap priye sou

pwoblèm lan. Jis di: “Seyè Bondye, m renmen li; li se manman pitit mwen yo,” (si se sa l ye) epi di: “M—m—m jis remèt tout bagay lan ba Ou, Seyè. M vle yo sove, Ou konnen mwen vle; men m pa ka al pi lwen. Li pral divòse avè m kanmenm. M pat fè anyen; si mwen fè, revele l ban mwen; m pral ranje sa. M ap fè nenpòt bagay.” Apresa remèt li bay Seyè an epi jis kite l trankil lè sa a, jis kite l trankil. Kontinye viv dwat jis menm jan an tankou—tankou anyen pat janm rive. Epi Bondye ap pran swen rès la.

275. Kounye a: **Frè Branham, kisa ki gen nan tout bagay sa a sou moun yo** (O, ankò!) **kap demenaje nan Arizona? Eksplike l.** Men yon lòt kalite ekriti. Ou wè, ou wè?

Ebyen, nou te deja eksplike sa (ou wè?), kisa sa ye.

276. Frè Branham, èske Lepouz ap pase nan pèsekisyon an menm jan ak legliz apostolik primitif lan te fè?

267 Non, m te jis eksplike sa sa fè kèk minit. Non, pwochen bagay se yon anlèvman kounye a. Sonje, nou nan tè pwomiz lan; nou nan fwontyè an. Nou konprann mach Izrayèl lan?

277. Èske li legal pou—itilize nenpòt jan de metòd planin?

268 Pito m ta kite sa a jouk apremidi an (ou wè?), paske se...M vle—m vle pale on bagay sou sa.

278. Frè Branham, m jis...(M ap tann jis 3 minit an plis si m kapab. Kite m pran on bagay kout isi an petèt.) **M pa ka abandone nèt a Jezi. Èske m gen yon move lespri?**

269 Kite m jis pase rès tan an sou sa a la a. Ou pa ka abandone a Jezi? Yo pa...Ou wè, m pa konn nonm oswa fanm; m pat ka di kiyès sa ye. Bondye konn sa.

270 Ou pa ka abandone a Jezi. Poukisa? Ki pwoblèm lan? Si ou se yon fanm, èske ou pa gen pou soumèt ou bay mari w pou w sa yon madanm, soumèt tout sa ou ye? Yon ti dam lè ou te marye, gen vèti, te goumen tout vi w pou rete ak vèti; men yon jou ou te jwenn yon nonm ke ou te renmen. Ou te pou li nèt. Bagay ke ou tap goumen kont yo tout vi w epi te eseye viv pwòp, epi klè, epi ak vèti; kounye a, ou soumèt chak ti moso ladan l bay yon sèl nonm. Èske se vre? Ou mete tèt ou nèt nan men li; ou pou li. Tout sa ou te kanpe pou li nan desans, ak

moral, ak tout bagay kon sa, kounye a ou bay yon nonm kontwòl li, paske ou soumèt tèt ou bay nonm lan. Èske ou pa ka fè menm bagay pou Jezikri? Jis soumèt tèt ou fason sa a—tout sa mwen ye, tout lespri mwen, tout panse mwen. Sètènman.

271 M pa panse ke ou posede de yon move lespri; m panse ke move lespri wenn ou ak kalite panse sa yo, ap eseye fè w panse ke ou pa ka soumèt tèt ou bay Bondye. Lè...Kite m montre w on bagay. Poukisa ou ta vle soumèt ba Li? Paske gen on bagay deyò la a kap rele w pou soumèt. Se yon trè bon siy ke ou ta dwe soumèt tèt ou.

272 Kounye a, tout sa ou fè, Frè oswa Sè (te ka yon jenn moun oswa granmoun, kèlkeswa sa l ye a), ou te di...Jis pa ka twouve tèt yo kidonk yo ka soumèt nèt. Jis abandone tèt ou. “Seyè, panse mwen, tout mwen ke m ye, m—m vle ba Ou. Lavi m, m bay kòm yon vi sèvis. Pran mwen, Seyè, epi sèvi avè m jis jan mwen ye a.” E li on bagay tèlman senp; m swete legliz la te ka vrèman...M kwè si—si—si tabènak la kounye a, ap pwofite sou kesyon sa yo...Èske nou renmen yo? Trè byen. L ap ede enpe.

273 Kounye a gade, sou sa a, si legliz la ta jis mande bagay sa yo (ou wè?), mande bagay sa yo: si yo ta dwe fè *sesi*, oswa fè *sela*, ak tout bagay, m ap eseye fè pi byen ke m kapab. Si m te mal konseye nou, sa pat nan kè m pou fè sa. Si m te di yon move bagay jis pou m soutni kèk nan pwòp panse ak bagay mwen, pa—konnen—konnen ke li pa bon pou m fè sa oswa di nou sa, m tap yon ipokrit sal. Se vre. Men nan kè m, si m antò, Bondye konnen (ou wè?) m te fè l ak tout sa ki nan mwen pou reponn kesyon nou yo.

274 Epi a noumenm minis deyò nan peyi an kote kasèt sa prale, m pat di bagay sa yo pou blese nou. M te di l paske m renmen nou. Ou wè? Epi mwen vrèman, ak tout kè m...Se...Kounye a, m pap eseye travay pou montre ke—ke mwen—mwen konn on bagay ke nou pa konnen. Se pa sa, frè m. M sèlman ap fè sa paske m renmen nou, epi mwen—mwen—nou renmen m, m kwè.

275 E si nou te wè m pral desann larivyè a nan yon vye bato, deyò la a sou rivyè sa a, toupre kote nou ye kounye a, isi a nan tabènak lan, Rivyè Ohio an; epi rivyè an ta monte epi te inonde; epi chit yo te jis devan mwen. Epi nou konnen bato sa a pap pase anlè chit sa yo; li jis pap fè l. Epi men mwen chita deyò la a ak tèt mwen sou dèyè, epi ap chante, epi ap

repoze, epi pral desann dwat—ap flote desann sa—kè pòpòz desann rivyè sa a; epi nou konnen anba la a menm m pral kraze. Si nou te renmen m, nou tap rele fò, oswa nou tap sote nan yon bato, epi kouri la a, epi ban m on kou sou tèt ak on bagay, fè m antre. “Frè Branham, ou pèdi lespri w! Ou pèdi lespri w; chit yo isi a menm!”

276 Epi m te di: “O fenmen bouch ou! Kite m trankil!” E poutan ou renmen m kanmenm. Ou tap fè nenpòt bagay nan mond lan; ou tap atrap mwen. Si nou te dwe—si nou dwe detwi bato an, nou tap fè m soti la a, paske nou renmen m; nou konn kisa k pral rive.

277 E frè, m konnen se sa ki pral rive denominasyon sa a. Li pap reziste mare a. Ou wè? Nou prale tou dwat nan Konsèy Mondyal Legliz yo; e kounye a, se swa nou dwe pran li oswa se soti fason nou ye kounye a. Kidonk, se jis egzaktman, nou dwe fè chwa pa nou. E m—m pa vle pou m...M ta renmen detwi bato an, trè byen; m ta renmen fè nenpòt bagay m te kapab, pou m pa blese ou, frè, men pou fè w pran konsyans ke w antò. Pa fè sa!

278 Epi batèm dlo sa a nan Non Jezikri, pa gen yon nonm sou fas latè a ki te ka kondane sa pa Lekriti. Pa gen okenn nonm ki ka kondane sa. Pa gen yon sèl Ekriti...Noumenm moun yo, noumenm frè—noumenm frè, sonje, jis sonje, fouye Bib lan; jwenn yon sèl plas kote yon moun te janm batize nan Nouvo Testaman an (yo pat batize nan Ansyen an, men nan Nouvo Testaman an)—kote yon moun te janm batize yon lòt fason ke nan Non Seyè Jezikri an; apres a vin montre m li. Oswa al jwenn liv istwa an kote yo te janm batize pandan dè santèn lane apre lanmò dènye apot yo... Legliz Katolik la te kòmanse batèm lan. Katechis yo di menm bagay la, ap sèvi ak non Papa, Pitit, Sentespri.

279 Nan yon entèvyou ak yon prèt, isi a menm nan Legliz Sakre Kè, te di m menm bagay la. Te di legliz Katolik te konn batize kon sa, lè m te di l mwen te batize tifi Frazier sa a, lè evèk lan te vle konnen. Li te di: “Èske ou pral jire pou deklarasyon sa yo?”

M te di: “M pa jire di tou.”

Li te di: “Evèk lan vle w fè l!”

280 M te di: “Evèk lan ap dwe pran pawòl mwen oswa pa kwè l, swa youn ou lòt ke l vle a.” Ou wè? M te di: “Bib te di pou pa jire ditou.”

Epi I te di: “Ebyen, uh...” Li te di: “Lan...”

281 M te di: “M te batize I pa batèm Kretyen nan dlo, te plonje I nan pye Spring Street lan nan Non Seyè Jezikri an.”

Epi lè prèt la poze li, li te di: “Se fason legliz Katolik te konn batize.”

M di: “Kilè?”

Li di: “Nan jou apot yo.”

M di: “Ou rele yo Katolik?”

Li di: “Sèten, se sa yo te ye.”

282 M te di: “Alò m se yon pi bon Katolik pase w. M swiv ansèyman yo.” Se vre. Ou wè, ou wè? Yo pretann sa, men se pa sa.

283 Legliz Katolik la te tabli nan Nise, Wòm, anba Constantine, lè legliz ak leta ak—te reyini ansanm, epi—epi leta bay legliz la pwopriyete, ak bagay kon sa; yo te panse an reyalyte yo te nan Milenyòm lan. Yo te panse yo te atenn yon Milenyòm. Se te Milenyòm Satan. Se egzakteman vre. Piga nou kwè bagay sa. Wi, mesye!

284 Kounye a, men... Alò kè yo te fè—oswa te genyen nan plas gen yon—yon idòl, yo te desann—yo te desann Venus, fè Mari monte; desann Jupiter, fè Pòl oswa Pyè monte. La a menm nan—nan Vatikan an, la menm a—a Wòm kounye a, dwat nan Vil Vatikan an, yon estati Pyè diznèf pye, yo pretann yo te bo twa nan zòtèy yo oswa pye estati sa a. Ou wè? E tout bagay se yon...

285 Desann nèt...Te ale nan yon legliz, Billy avè m, yon jou maten la a, te desann nan sousòl lan la a kote yo antere tout mwàn yo ak bagay kon sa epi kite zosman yo pouri nan pousyè sa a—yon zosman pouri apati de yon lòt anwo la a—epi apre pran zosman yo epi fè atach, de atach limyè ki fèt ak zo men ki pandye kon sa, ak zo bwa tèt; epi moun sa yo antre la a te grate zo bwat tèt sa yo blanch, ap eseye pran benediksyon nan zo bwat tèt nonm mouri sa yo. Se yon fòm espirityalis. Ou wè?

286 E se kote li kòmanse la menm, nan Wòm, epi se kote chèz bèt lan ye, e apati de la a vye manman pwostitye an vini. Epi pitit fi l yo se pwostitye jis egzakteman tankou l ye, a paske li bay lemonn antye yon tas nan endiyasyon li—yon tas nan temwayaj li, ki te melanje anndan la a ak sak bil latè an. Epi li te gen temwayaj li. Li te di: “M chita tankou yon vyèj, epi m—m chita tankou yon vèv (m vle di), epi pa bezwen anyen”; epi li pa konnen ke l mizerab, malere, avèg, pòv, epi pa konn sa. Se sa. Epi sa vo pou legliz Katolik lan plis tout denominasyon Pwotestan! Men nan tout gagòt sa a la a, gen moun presye ki renmen Seyè Bondye an ak tout kè, nanm, ak lespri yo. Epi yo panse yo gen rezon. Yo panse y ap fè byen. Bondye ap Jij Siprèm lan.

287 Pou mwen, si Bondye pral jije legliz lan pa mond lan—legliz Katolik la di sa—alò m te mande nonm sa a ki te entèvyouwe m lan...Li te di: “Bondye ap jije mond lan pa legliz la.”

M te di: “Kilès?”

Li te di: “Legliz Katolik la.”

288 M di: “Ki legliz Katolik? Yo diferan youn ak lòt.” Ki legliz? Òtodòks Grèk lan oswa Women an? Oswa pa kilès Li pral jije li? Si Li pral jije l pa legliz Pwotestan an, kilès? Metodis la, Batis, Literyen, Pannkotis; pa kilès Li pral jije l? Bib lan te di L ap jije mond lan pa Jezikri, e Jezikri se Pawòl la. Kidonk pou mwen, se pa Pawòl Bondye a ke L ap jije mond lan. Se vre. E mwen kwè jijman L yo nan latè a kounye a, e mwen kwè...Annou chache ak tout kè nou pou chape anba kòlè kondanasyon de kòlè Bondye a ki pral vide sou mond enkwayan sa a; e pa gen okenn mwayen ditou pou li pou l—chape anba l.

289 Pap janm, janm, janm gen sali ki vin nan mond lan ankò. Yo te pase liy yo ant lagras ak jijman. Gen...Nou te ka mete yon Abraham Lincoln nan chak kanton nan Etazini an, epi li pap janm vire gwoup “Ricky” ak “Elvis sa a tounen al jwenn Bondye.

290 Lè nou te wè nan jounal la (M genyen l. Pote l ban nou apremidi an si nou vle wè l aswè a), kote yon legliz Presbiteryen (anpil nou te ka wè li)—yon legliz Presbiteryen ki pral nan mès yo oswa nan—nan sakreman an ak wòkennwòl. Pastè an ki kanpe la a ap bat men l

kon sa; epi yo pral nan mouvman klouwe sou kwa an ak tout “banboche li” tankou wòkennwòl nan yon legliz Presbiteryen.

291 Epi lè gwoup Beatles byen ba, kap rele fò, degoutan sa a, ke yo rele konsa, ki rive pi ba lòm epi vle vin dè vonvon...Yo te refize on kontra san mil dola nan Sen Louis sa fè kèk semèn de sa; pa tap kanpe pou sa. Vin bò isi a, yon gwoup ti Anglè, rebèl la a ak cheve yo tonbe nan je yo. Epi kounye a, yo gen pwòp relijyon pa yo y ap kòmanse. Nou te wè l nan magazin *Look*. Ou wè?

292 O, kijan mond sa a kontamine. Pa gen yon espwa pou li ditou; yo te travèse liy separasyon an ant—ant la rezon ak bon sans, san pale de sa...

293 Lèzòm pa ka menm jije. Nou pa gen nonm ankò tankou nou te konn genyen. Kote Patrick Henry? Kote Abraham Lincoln? dèzòm ki ka kanpe pou dè konviksyon solid.

294 Kote nonm sa a ki ka leve epi fè fanm fòl sa yo deyò isi a, ap dezabiye tèt yo ak—epi deyò devan mesye sa yo; epi apre—epi fè yo kouri deyò la a tankou yon gwoup striptiz, epi apre mete gason an nan penitansye ki tap manke youn nan yo dega? Kote rezon nou? Kisa k bon sans? Si li mete tèt li deyò la a, kite l ale tankou yon chen. Wi, mesye! Si li pap gen plis...bon desans pou li pase sa... Kote lalwa ki te ka kanpe sa?

295 Isi a menm nan Louisville, Kentucky, sa fè de semèn lè fanm sa a ak yon—ap eseye fè yon—fè mete non l nan jounal la, mete yon bikini plastik, te mache deyò la a sot nan Brown Hotel la; epi yon polisye te eseye kanpe l, epi li pat vle kanpe; te griyen dan sou li. Epi l ta jete yon zam sou li pou kanpe li; li te pouse l nan machin lan epi te fè l rankontre l nan estasyon polis la pou abiman imoral ak bagay kon sa, epi l te ale epi te rankontre...Nou konn kisa yo te fè sou sa? Te revoke polisye an.

296 Bondye ede yon nasyon ki pouri konsa! Nou pa ka rive soti sòf si nou fè mal. Nou te ka pa rive soti, men nou ka leve; e se kote n ap chache a. Annou koube tèt nou.

297 Seyè Jezi, kite gran Bèje an vini epi fè nou soti nan sa, Seyè. N ap tann Li. N ap veye lè sa a. Lè nou wè mond lan tèlman kowonpi, Ou te di li tap fason sa a. Gran pwofèt Ou yo te pwofetize ke lè sa yo tap isi a. Nou kwè pwofèt yo, Seyè; nou kwè l.

298 E kounye a, nou priye, Bondye, ke W ap ban nou pwofèt pou entèprete Pawòl sa a pou nou, konsa nou te ka konnen si nou gen rezon oswa antò. Nou wè fo pwofèt leve; yo nan dezè yo, Salt Lake City, tout pati nan nasyon an, tout kalite dezè, ak tout kalite chanm sekrè, tout kalite Papa Diven, e latriye, toupatou.

299 Nan wè pòv frè nwa sa yo, sè deyò la a kounye a; yo te vle entegrasyon. Osito yo te genyen li... Se vre; yo te dwe genyen l; yo se frè ak sè. Kounye a, lè yo te genyen l, yo vin pi mal ke se janm ye. Sa montre ke sa enspire de kominis. O, Bondye, èske pòv mesye sa yo ka wè sa? Ke sa te sèlman fèt...Ebyen, sa dwe fèt, Seyè.

300 Vini, se sa nou vle. Ou jis vini, Papa. N ap tann. Vini, Seyè, pran nou anba bra W. Padone nou de peche nou yo. Pa gen okenn—okenn jistis ankò nan mond sa a. Yon sèl bagay ki rale kont yon lòt, e poutan jis tèlman vè manje l jouk nou—pa gen anyen sanse ladann. Ou te di kò an an antye te vin tankou maleng ki pouri. Vrèman, chak tab plen ak vomisman. Ou te di: “Kimoun Mwen ka anseye doktrin? Kimoun M ap ka fè gen konprann sè jou si?” Tout tab Seyè an plen ak vomisman. Nou wè li, Seyè. Nou wè lè an isi a. Ede nou, tanpri.

301 Chè Bondye, tèlman anpil nan kesyon sa yo isi a sou moun kap vin Arizona yo. O, chè Bondye, kite chè, presye moun sa yo... Y ap koute kasèt sa a deyò la a. Kite yo konnen ke m pa okenn diktatè pou di yo kote pou viv, kisa pou fè. E ke yo konprann sa klè. Si yo renmen peyi sa a, se konsa m renmen l, kite yo ret la a, Papa. Men lè y ap anseye ke anlèvman an dwe soti la a, epi la a sèlman, oswa yo dwe avè m, yon pòv pechè, ki pa diy, sal, ki sove pa gras Bondye—dwe bò kote mwen...Seyè, m vle pou m bò kote—m vle pou m bò kot Pòl; m konnen li prale. Ak Pyè, ak Jak, ak Jan, yo nan Palestin antere yon kote la a. M konnen m pral avè yo si Ou jis gen non m sou Liv sa a depi fondasyon mond lan. M ap la a. E m priye, Bondye, ke chak grenn nan yo ap la a. Ede m, Seyè, pou rasanble yo tout dèyè isi a on kote, kote yo ka... Yo vle tande mesaj la ak gran anseyan sa yo tankou Frè Neville, ak Frè Capps, ak—ak tout lòt frè sa yo isi a: “Junie,” ak Frè Ruddell, ak o, J.T., ak yo tout—yo tout: Frè Collins, ak Frè Beeler, ak Frè Palmer, ak...Bondye, mwen priye ke W ap jis akòde sa bay sila yo...

Kite—kite—kite yo vin isi a kote yo vrèman tande L, si yo vle tande L, pa kouri soti la a nan dezè sa a. Y ap eseye fè egzakteman sa Ekriti sa a te di yo pa fè. “Gade, li nan dezè an; pa kwè !! Gade, li nan chanm sekrè an; pa kwè !!” Seyè, m ap eseye tout posib mwen pou avèti yo, men tout sa endike ke lè an toupre kounye a. Lonbraj aswè yo ap tonbe.

302 M priye pou mizèrikod, Seyè. Gen pitye pou mwen; ede m. Li fè m sou nè, Papa. M priye ke W ap ede m. M—m pa vle sele vi mwen... Tout travay mwen isi a tap deyò isi a yon fanatik pou kondwi yon gwoup oswa kilt deyò nan yon dezè yon kote. Pa kite pou non m dwe desann kon sa, Seyè. M te goumen di pou sa. Mwen sensè nan sa jan m ka ye. Bondye, pa kite sa rive. Ede m on fason. M pa konn kisa pou m fè; m jis ap depann de Ou, men ede m. M ap fè nenpòt bagay Ou di m fè. M se sèvitè W; sila yo se pitit Ou. Seyè, sila yo...Pi fò nan moun sa yo, katrevendiz nèf nan chak pousan, Seyè, vrèman solid. Yo kwè; yo konnen; yo konprann. E yo konn se pa mwen; men m konnen bagay sa yo dwe swiv chak revèy, epi sa pa iminize de sa. Kidonk m priye ke W ap ede nou kounye a.

303 Ede nou antan nou ale pou gen yon ti lench jodi a, Seyè. Beni fratènite nou yo ansanm. Rasanble nou tounen isi a bonè apremidi an. Anpil nan yo ap dwe al lakay kounye a, Seyè. Y ap dwe ale lakay yo—yo, epi m priye ke W ap ede yo. Ke yo kapab on fason, Seyè, met lamèn sou kasèt lan pou tande rès kesyon yo. Petèt pa yo pat reponn. M priye ke W ap ede yo, Seyè.

304 Ede m ak rapidite aswè a jis pou reponn kesyon sa yo epi pran chak grenn nan yo ke m kapab. Jiskaske nou rankontre isi a ankò apremidi an, ke Ou beni nou. Nan Non Jezi mwen priye. Amèn.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li,

Paske Li te renmen m an premye,

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

305 Te ekri atravè la a, m te ekri l konsa li tap toujou devan m: “Kris devan mwen, pandan m ap reponn kesyon sa yo.” Èske nou kwè m te di l sot nan kè m? Tout bagay, sot nan kè m, pou ede.

Kèk nan yo te ka vin pran pake pa yo isi a.

306 Chè Bondye, men mouchwa, pake poze isi a. Li pral jwenn malad yo ak aflije yo. Kite gran Entèprèt Pawòl lan, Sentespri an ki te ekri Li, ke Li vini toupre kounye a pou pòsyon sèvis sa a epi beni twal sa yo. Seyè, si m panse a tèt mwen, kimoun mwen ye pou poze kò sal, degoutan mwen sou mouchwa sa yo ki kanpe nan mitan lanmò ak lavi pou anpil? O, Bondye, m tranble. Men lè m panse sa...Ou pa wè mwen, Ou jis tandè vwa m. L ap vini atravè San Seyè Jezi a la a. Kounye a, m ap kwè ke W ap reponn pou mwen jis menm jan Ou te fè pou Li, paske Li te ale anvan mwen pou chita sou men dwat la, anwo la a, de Majeste anwo an. E San Li poze la a kòm yon ekspiyasyon, e m te kouvri anba San sa a.

307 M kwè, Seyè, ke W ap geri yo, paske yo nan bezwen. Yo pa tap genyen sa yo lonje isi a. M priye ke W ap fè chak sa yo byen. Kòm mwen plase tèt mwen sou yo, kòm... Yo te di yo te pran sot nan kò Pòl...Li te jis yon pechè tou, Seyè, sove pa gras Ou. Moun yo te kwè l, menmsi li te repwoche yo ak tout bagay, men yo te konnen li te bèje an. Yo te konnen Ou te voye—I, paske Ou te pwouve Tèt Ou pa ministè li. Bondye, moun sa yo kwè menm bagay la jodi a. M priye Ou ede yo kounye a epi geri chak moun nan Non Jezikri. Amèn.

308 Èske nou grangou? Trè byen. M grangou pou plis nan kesyon yo. “Lòm pap viv de pen sèlman, men de chak Pawòl ki sot nan bouch Bondye.” Kounye a, m ka...Kèk nan kesyon sa yo, m ka pa genyen yo kòrèk; m te jis fè pi byen ke m kapab. Aswè a, m ap eseye kòmanse jis a setè. Ebyen, legliz ap ouvri a sizè edmi. E noumenm ki ka rete...Noumenm ki pa kapab, nou konprann; se kòrèk. Men m ap eseye pran chak grenn nan sa yo ke m ka gen posibilite pou fè aswè a. Bondye beni nou jouk nou rankontre.

Kounye a, annou kanpe sou pye nou epi chante bon vye chante sa a, chante nou pou voye ale, *Pran Non Jezi A Avè Nou*. Trè byen.

Pran Non Jezi a avè nou,

Pitit chagren ak malè;

[Frè Billy Paul pale ak Frè Branham—Editè a.] (...?...yo te pran ofrann lan...?...maten an...?...)

...non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

309 M vle fè anons sa a. Billy fèk di yo te pran yon ofrann lanmou maten an (ou wè?), epi te di yo te gen yon bèl ofrann lanmou. M te fè l ale dèyè bildin lan epi kanpe dèyè la a. Pou moun yo isi a ki pat janm vini prepare, pa gen lajan pou dine nou, Bill ap ban nou lajan an pou dine nou epi pou—pou peye bil lotèl oswa bil motèl, kèlkeswa sa l ye a. Nou pran epi peye sa kounye a. Si n ap...Si nou ka rete...Billy ap rankontre nou dèyè la a epi pran non nou ak kote nou ye a, epi n ap peye pou dine nou ak bil motèl nou nan ofrann lanmou an ke yo te pran pou mwen maten an.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!